# Накъыгъэм и 9-р ТекІуэныгъэ Иным и махуэшхуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№51 (24.333) • 2022 гъэм накъыгъэм (майм) и 7, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •




# Лъымрэ нэпсымрэ къахэхъукІа гуфІэгъуэ

**Урысей Федерацэм и махуэгъэпсыр гуфІэгъуэ дауэдапщэхэмкІэ гъэнщІащ, ауэ мыхьэнэкІэ къапщтэмэ, абыхэм куэдкІэ йопэгэкІ Накъыгъэм и 9-р.**

АР ди адэхэмрэ абыхэм я адэжхэмрэ къыпхуэмылъытэн хуэдизу зэрахьа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ, къагъэлъэгъуа къызэфІэмыщІэныгъэм я дамыгъэ лъапІэщ. Апхуэдэуи щытынущ игъащІэкІэ - лІэщІыгъуэхэми яхэгъуэщэжынукъым, зыгуэрхэр тхыдэр, пэжыр зэрахьэкІыну хущІэкъуми.

Хэку зауэшхуэм щыщІидза 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м ирихьэлІэу фашист Германием Европэм и къэралхэр къанэ щІагъуэ щымыІэу иубыдакІэт. Ауэ Гитлер Адольф зыщІэхъуэпсыр дунейпсо тепщэныгъэрт, а мурадыр зригъэхъулІэн папщІэ лъэпощхьэпо къыхуэхъур Совет Союз абрагъуэм и закъуэт (абы пэщІэува Инджылызымрэ езымрэ зэзауэ-зэмызауэ хуэдэт. Аращ къытеуэну щІытегушхуари. Дауи, къилъытащ СССР-р зауэм зэрыхуэмыхьэзырыр, и къалэн игъэзэщІащ уащхъуэдэмыщхъуэу къызэреуами. Арати, тенджыз ФІыцІэм щегъэжьауэ Балтийскэ тенджызым нэс зэуэ дивизэ 200-м щІигъу ди гъунапкъэхэм къыщебгъэрыкІуащ. Ахэр апхуэдизу псынщІэу къэкІуатэрти, жэпуэгъуэ мазэм СССР-м и щыхьэр Москва къекІуэлІэфащ. Советыдзэр дэнэ щІыпІи къыщикІуэтын хуей хъурт, бжыгъэкІи техникэкІи къебэкІ бийм пэщІэмытыфу. Ди къэралым шынагъуэ ин къылъысат. Гитлер и блыгущІэтхэм абы и щІыналъэр ягуэшыжырт.

Абдежым наІуэ къыщыхъуащ лъэпкъищэм щІигъу щызэкъуэува Совет Союзыр зэрагугъам хуэдэу зэрымымахэр, абы къару мыкІуэщІ къызэрызэкъуихыфынур, ди дзэзешэхэр континент псор зи лъэгу къыщІэзыгъэхута нэмыцэ генералхэм зэрапимыкІуэтыр. Дыгъэгъазэ мазэм Москва и деж бийр къыщызэтрагъэувыІащ, иужькІэ ирахужьэри километрищэм щІигъукІэ щыхьэрым Іуахужащ. Ар ЕтІуанэ дунейпсо зауэм зэрыщІидзэрэ фашист Германием и вермахтым къемыхъулІа япэ Іуэхут, ди зауэлІхэм я япэ текІуэныгъэт. Нэхъыщхьэращи, совет цІыхухэм я мызакъуэу, дуней псом илъэгъуащ фашистхэр узыпэмылъэщын къарууэ зэрыщымытыр. Ди къэралыр лъэ быдэкІэ къызэфІэувэжырт. Сыбыр лъэныкъуэмкІэ ягъэІэпхъуа лъэщапІэ инхэм Іэщэ лІэужьыгъуэщІэхэр къату щІадзат. Дэ зэрытщІэщи, адэкІэ щыІащ ди текІуэныгъэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэу е къэзыгъэкІуэтахэу Сталинград зэхэуэгуащІэр, Курскрэ Орёлрэ я зэхуакум щекІуэкІа танк зауэр, нэгъуэщІхэри. А псоми куэд тражыІыхьащи, дэ кІыхь зедгъэщІынкъым. КъыхэдгъэщхьэхукІын къудейщ мыр.

Япэрауэ, Урысейр зи пашэ СССР-м къыпэщІэтар фашист Германием и закъуэу зэрыщымытар, абы къанэ щІагъуэ щымыІэу иджырей Евросоюзым и къэрал псори къызэрыдэщІар. Сыт и лъэныкъуэкІи.

ЕтІуанэрауэ, ди къэралым мис а Европэм и мызакъуэу, дуней псор нацистхэм къазэрырыригъэлар. Фегупсысыт: къуэкІыпІэ фронтым вермахтым и зауэлІ мелуани 3,5-рэ щыхэкІуэдащ, мелуанитІ уІэгъэ щыхъуащ, зы мелуанрэ мин 500-рэ хуэдиз гъэр щащІащ. А къару абрагъуэм гушыІэу Инджылызыр хигъэщІэнурэ гугъу демыхьу США-ри дигъэкІуэнут. Ар щхьэщызышари къуэкІыпІэ фронтыр зыхуэгъэзауэ щыта Совет Союзым и закъуэщ.

Ещанэрауэ, Совет Союзыр хэлІыфІыхьащ дунейм и зауэ нэужь ухуэкІэр зэтеухуэным, колониализмэм и лъабжьэр щІэудыным, къэралхэм захуагъэ зыхэлъ я зэхущытыкІэхэр зэфІигъэувэным. Абы и жэрдэмкІэ къызэрагъэпэщ Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Зэгухьэныгъэр (ООН).

ЕплІанэуи, етхуанэуи, нэхъыбэжуи жыпІэн бгъуэтынущ, ауэ тхыгъэ кІэщІым Іэмал къыдитыркъым, а псоми иджыпсту зегъэубгъун хуейуи къэтлъытэркъым. Дигу къеуэри дызыгуэзыгъэпри нэгъуэщІщ: СССР-р мыхъуамэ, хэкІуэдыжыпэну щыта къэралхэри яхэту иджы ди ТекІуэныгъэр хаутэну, тхыдэр зэрахьэкІыну зэрамурадырщ. Абы и щыхьэтщ ЕС-м Накъыгъэм и 9-р езым хыхьэ къэралхэм щамыгъэлъэпІэну унафэ къызэращтар. ЯхузэфІэкІыр аращи, Европэр хуит къыщащІыжым хэкІуэда совет зауэлІхэм я фэеплъхэр ирах, уеблэмэ Георгий и лентІыр я бгъэхэм халъхьэну язынықъуэ щІыналъэхэм хуит щащІыркъым.

Тхыдэр пхузэхъуэкІынукъым. Абы сыт щыгъуи пэжым и гъуэгур къигъуэтыжынущ. ЖытІэн къудейщ ТекІуэныгъэм и махуэр сыт щыгъуи хуэдэу Іэтауэ икІи уардэу ди къэралым зэрыщагъэлъэпІэнур. Дауи, псом нэхърэ нэхъыщхьэр Москва и Ут Плъыжьым щекІуэкІыну дзэ парадырщ, щІыпІэщІыпІэхэм щызэхыхьэну «Полк уахътыншэрщ». Ауэ адрей Іуэхухэм я мыхьэнэри нэхъ цІыкІукъым - псори зэлъытар ди япэ итахэм зэрахьа лІыгъэр къытщІэхъуэ щІэблэхэм ящымыгъэгъупщэнырщ.



# Поликлиникэщ1эм и лъабжьэр ягъэт1ылъ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ ин дыдэу итыну поликлиникэм и лъабжьэр дыгъуасэ ягъэтIылъын щIадзащ, япэ бетон кубыр щIэщIыкIым дакIащ. Ар щаухуэ Къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м и Iэгъуэблагъэм.**

МЫ УХУЭНЫГЪЭР нэгъабэ хагъэхьауэ щытащ федеральнэ инвестицэ программэм икIи абы ипкъ иткIэ яухуэу аращ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам** зэрыжиIамкIэ, поликлиникэр Iэмалыщ1эхэм тету лэжьэнущ, абы екIуалIэхэр гугъу ирамыгъэхьу, дохутырхэм къалэн куэд я пщэ къыдэмыхуэу, узыншагъэр зэфIэгъэувэжыным зэман, мылъку куэд темыкIуадэу, сымаджэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм фIагъ лъагэ яIэу щытынущ. Мис апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэ къызэщIеубыдэ «зэзыгъэзахуэ технологиехэр» IэмалыщIэм.

Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, сымаджэхэр, къеуз елъытауэ, ягуэшынущ, пыхусыху къызэуэлIар адрейхэм яхыхьэнукъым. Поликлиникэм щылэжьэнущ регистратурэ, терапевт къудамэ, фIэкIыпIэ зимыIэ дэIэпыкъуныгъэ IэнатIэр, медицинэм и IэщIагъэлI зэмылIэужьыгъуэхэм я пэшхэр, медицинэ профилактикэмкIэ къудамэ, студентхэр щеджэ, сымаджэм щеплъ, мастэ щыхаIу пэшхэр, зи узыншагъэм кIэлъызыгъэплъхэр махуэкIэ зыщIэлъынухэр, поликлинэм и Iуэхухэр зезыгъэкIуэнухэр зыщIэсынухэр. ПоликлиникэщIэр амбулаторэ-диагностикэ центр лъэщ хъунущ, абы Налшык къалэ щыпсэухэм я мызакъуэу, республикэм ис дэтхэнэми зыщигъэхъужыну хуитщ.

Поликлиникэм узыншагъэм и щытыкIэр къыщахутэ, щагъэхъуж унэтIыныгъэу 9 иIэнущ. Абы хохьэ Налшык къалэ дэт амбулаторэхэм я Iуэхухэр щызэфIагъэкIыну центральнэ лабораторэри, уз хьэлъэм иужькIэ зи узыншагъэр зэфIэзыгъэувэжхэм папщIэ центрри, лыш узыфэм епха амбулаторнэ дэIэпыкъуныгъэри, эндоскопие, лучевой диагностикэ къудамэхэр, компьютер, магнитно-резонанс томографиер, нэгъуэщIхэри.

IуэхущIапIэщIэм хирургие, эндоскопие операцэхэри щащIынущ.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим** къызэрыхигъэщамкIэ, поликлиникэм зы жэщ-махуэм цIыху 500-м Iуэхутхьэбзэ щыхуащIэфынущ. Метр зэбгъузэнатIэ мини 8 хъу ухуэныгъэр 2023 гъэм и дыгъэгъазэм яухыну я мурадщ.

ПоликлиникэщIэр ухуэным жэрдэмщIакIуэ хуэхъуар КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбекщ**. Ар къыдаIыгъащ УФ-м и Правительствэмрэ Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэмрэ. А Iуэхур щыщщ УФ-м и Президент Путин Владимир ищIа унафэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэр ухуакIуэхэм ехъуэхъуащ лэжьыгъэр псынщIэ ящыхъуну. ЛIыщхьэм и телеграм-каналым щитхащ: «Мы ухуэныгъэм гулъытэшхуэ хуэтщIынущ, Iуэхур зэрекIуэкIым набдзэгубдзаплъэу дыкIэлъыплъынущ, абы хохьэ ухуэн Iуэхури, зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщынри, унэлъащIэ щIэгъэувэнри, щылажьэхэм я Iэзагъым хэгъэхъуэнри, «зэзыгъэзахуэ технологиехэр» медицинэ IэмалыщIэхэри къанэ щымыIэу къыщыгъэсэбэпынри. Иджырей мардэхэм тету ящIыну поликлиникэр къаруущIэ хуэхъунущ республикэм и медицинэ IэнатIэм нэхъри зиужьыным».

Ухуэныгъэм и лъабжьэр щагъэтIылъым кърихьэлIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, абы и къуэдзэ **Хъубий Марат**, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз** сымэ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ

**«ТекIуэныгъэм и накъыгъэ мазэр-музейм». Аращ зэреджэр Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къызэрыщытхьрэ илъэс 77-рэ щрикъум ирихьэлIэу иджыблагъэ Лъэпкъ музейм къыщызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм.**

ЦIЫХУБЭР бийм пэщIэтыну, абы зыкъримыгъэгъэпцIэну, лъахэр зыхъумэхэм зэралъэкIкIэ зыщIагъэкъуэну къыхураджэу Хэку зауэшхуэр щекIуэкIа илъэсхэм дунейм къытехьауэ щыта газет икIи блын тхыгъэ бжыгъэншэхэм я гъэлъэгъуэныгъэр музейм и пэшышхуэм IэщIагъэм и хабзэ псори къызэдиубыду щызэкIэлъыгъэкIуащ. Тхыдэм пэджэжу, гъэлъэгъуэныгъэр щекIуэкI пэшым музейм и лэжьакIуэхэм я бынхэр усэ къыщоджэ, зауэ гъуэгуанэр къэзыгъэлъэгъуэж тхыгъэхэм щыщ пычыгъуэхэр щагъэлъагъуэ.

«Нобэ утыку къитлъхьа газет икIи блын тхыгъэ гъэлъэгъуэныгъэр илъэс къэси къызыдогъэпэщ, зэрыхъукIи къыдогъэщIэрэщIэж. Дэ абы ди гуапэ дыдэу къыдогъэблагъэ кIуэ пэтми мащIэ хъу ди нэхъыжьыфIхэр, Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къыщызыхьа ди лIыхъужьхэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, мы гъэм ди Iуэхум абыхэм ящыщ къыхыхьэфыну къыщIэкIынкъым. Дэ къытхуэнэжыр къаруушэ хъуа ди нэхъыжьыфIхэм узи бзаджи къемыуалIэу тхуэпсэуну дахуэлъэIуэнырщ. Апхуэдэу щыт пэтми, Хэку зауэшхуэр щекIуэкIа илъэс бзаджэхэм я шэ зэщIэфие макъхэр ди деж иджыри къос - ар зылъэмыIэсарэ зыжьэхэмыуарэ унагъуэ ди хэгъэгум искъыми, лъырэ нэпскIэ ТекIуэныгъэр къэзыхьахэр дигу къэдгъэкIыжыныр, зэрахьа хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ тщымыгъупщэу дигу илъыныр ди хьэкъщ. Абы къыхэкIыу ди гуапэ дыдэу дапэплъэнущ ди адэшхуэхэм къакIуа лIыхъужь гъуэгуанэр зэрагъащIэмэ зыфIэигъуэ дэтхэнэ ди зы лъахэгъуми, псом хуэмыдэу ди щIалэгъуалэм», - жиIащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэм ящыщ, музейм и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ Буринэ Миленэ.

Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликс гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуихым ар зытращIыхьа, зихуэдэ щымыIэ хьэпшыпхэм, газетхэм, блын тхыгъэхэм я хъыбарым къызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ, ар зэращIу щыта щIыкIэм, Налшык къалэ зэрыщытрадзэу щыта Iэмалхэм я гугъу ищIащ. «Нобэ музейм и блынджабэхэм кIэрылъ газетхэм, блын тхыгъэхэм япэщIыкIэ уагъэлъагъу Iэщэ къимыщтами, гурэ псэкIэ бийм пэува цIыху къызэрыгуэкIхэм, жэщ-махуэ ямыIэу ТекIуэныгъэм хуэлэжьахэм, яIа гуращэр, фIым и IэщакIуэу зэрызалъытэжыр. Гупсысэ хьэлъэхэм цIыхур ямыутIыпщу щхьэлажьэ ищIами, зэуапIэм Iут я щIалэхэм я щхьэ кърикIуам и пэжыпIэр ямыщIэми, мыпхуэдэ къыхуеджэныгъэхэр езыхэм къабгъэдэкIыу къащыхъуу, Iэщэ яIыгъыу бийм езауэ я щIалэхэм а псалъэхэр зэхахыу къафIэщIу, абыхэм къызэщIаIэтэрт, ягъэгушхуэрт, гуащIэмащIэ хъуами, нэхъри я лъэр щIагъэкIырт. ТекIуэныгъэр гъунэгъу къэщIынымкIэ, цIыхур мамыр гъащIэм щIэх хуэкIуэжынымкIэ нобэ флъагъу мы тхылъымпIэ кIапэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIам шэч хэлъкъым», - жиIащ Накуэ Феликс.

Ветеранхэм я къалэ советым хэт Къардэн Эммэ псалъэ щратым къыхигъэщащ музейм зэхилъхьа гъэлъэгъуэныгъэм мамыр гъащIэм и мыхьэнэр нэхъ гуащIэу зыхыуигъащIэу зэрыщытыр, абы къыхэкIыу зауэм хэта ди нэхъыжьхэм мыухыж Iулыдж зэрахуэфащэр. Абы музейм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ Хэку зауэшхуэм хэта зауэлIхэм хуащI гулъытэм, адэжь лъахэр зыхъумахэм я пщIэр зэрихъумэм папщIэ.

Къардэн Эммэ зэрыжиIамкIэ, Хэку зауэшхуэм хэтахэм ящыщу Налшык къалэ нобэ псэууэ дэсыжыр цIыху 16 къудейщ. «Ди жагъуэ зэрыхъунщи, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу ди зауэлI нэхъыжьхэр тщхьэщокI. Нобэ щIэтлъхьащ зауэм икIыхьагъкIэ медсестрауэ хэта, лейтенант нэхъыжь цIэр зиIэ Мамедовэ Александрэ. Зэману къытхуэнэжари мащIэ дыдэщ. Псэуху тIэкIу ди гулъытэ ахэр щыдмыгъащIэмэ, тхуэщIэфыну мащIэр щыз ирикъунт», - къыхигъэщащ Къардэным.

Зауэм и щIыбкIэ ТекIуэныгъэм хуэлэжьахэм я гугъу щищIым, Къардэным жиIащ абыхэм ящыщу цIыху 420-рэ хуэдиз щыхьэрым зэрыщыпсэур.

«ЗауэлI нэхъыжьхэр мащIэ щыхъу мы лъэхъэнэм дэ абыхэм яхуэтщIэжыфынур зыщ - лIыгъэу зэрахьар тщымыгъупщэу ди гъащIэ гъуазэу дунейм дытетынырщ», - жиIащ «ЗауэлI зэшхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Хасащхьэм хэт Абэнокъуэ Владимир. Ар ТекIуэныгъэм и мыхьэнэм тепсэлъыхьащ, зи сценарийр итха кинофильм кIэщIри къызэхуэсахэм яригъэлъэгъуащ. Ар теухуат Совет Союзым и ЛIыхъужь Иуан Хьэсэн, тегъэщIапIэ хуэхъуари зауэлIым и къуэм и гукъэкIыжхэрщ.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**

# Орденхэр я Iыхьлыхэм яретыж

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къэрал дамыгъэхэр яритыжащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэхум Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу хэкIуэда щIалэхэм я Iыхьлыхэм.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Путин Владимир и УнафэкIэ, ЛIыгъэм и орденхэр хуагъэфэщащ дзэ къулыкъур ирахьэкIыу, хахуагъэрэ лIыгъэрэ къагъэлъагъуэу хэкIуэда прапорщик нэхъыжь Биттиров Рэмэзан Абдулчэрим и къуэм, ефрейтор Жылау Анзор Владимир и къуэм, рядовой КIуащ Астемыр Аслъэн и къуэм, сержант нэхъыщIэ Кумыщ Азэмэт Ахьед и къуэм, сержант Кучменов Тауби Ибрэхьим и къуэм, сержант нэхъыщIэ Назаров Александр Николай и къуэм, сержант Уэрэзей Мурат Ибрэхьим и къуэм, подполковник Орехов Дмитрий Владимир и къуэм, прапорщик Понэж Альберт Мухьэмэд и къуэм, капитан Понэж Аслъэн Хьэсэн и къуэм, сержант нэхъыжь ПщыхьэщIэ Раджа Муса и къуэм, прапорщик Слъон Билал Эдуард и къуэм, рядовой Шыбзыхъуэ Амир Елдар и къуэм, ефрейтор Вайберт Андрей Владимир и къуэм.

ХэкIуэда зауэлIхэм я Iыхьлыхэм защыхуигъазэм КIуэкIуэ Казбек жиIащ: «Дыфхуогузавэ, фи гуауэр вдыдогъэв. Фи къуэхэм, щхьэгъусэхэм, адэхэм къэрал дзэ къулыкъур и кIэм нэсу ягъэзэщIащ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэн зэфIагъэкIащ абыхэм: къыдэкIуэтей щIэблэм мамыр гъащIэкIэ яхуэупсащ. Ди щIалэ хахуэхэм ди адэшхуэхэр зыпэщIэта нацизмэм ебэбыным я щхьэр халъхьащ. Ди гум щIыхьэу фи гуауэр вдыдогуэш. Си щхьэр фхузогъэщхъ».

# Хэкум теухуа уэрэдхэр ягъэзащIэ

**Вэрокъуэ Владимир и цIэр зезыхьэ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым щекIуэкIащ «Гъатхэ макъамэхэр» зэхыхьэр. Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщахьам, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум я щIыхькIэ къызэрагъэпэща пшыхьым щыжаIащ Хэкум, зауэм теухуа уэрэдхэр.**

АБЫ ирагъэблэгъащ республикэм и лъэпкъ щэнхабзэ центрхэр. Концертым и япэ Iыхьэм КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гридасов Геннадий зи художественнэ унафэщI, республикэм и «Эстафета» академическэ хорым хэтхэм зауэм теухуа уэрэд нэхъыфIхэр, иджырей композиторхэм ятхахэри хыхьэу, ягъэзэщIащ. Псом хуэмыдэу кърихьэлIахэм ягу дыхьэу дежьууащ «Весна сорок пятого года», «Парижское танго» уэрэдхэм.

Концертым и етIуанэ Iыхьэм зыкъыщигъэлъэгъуащ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ и колледжым и хорым.

- Колледжыр 1957 гъэм къызэрызэIуахрэ хор иIэщ. Дирижёр къудамэр къэзыух студентиплIми фи пащхьэм зыкъыщагъэлъэгъуэнущ, экзаменым хуагъэхьэзыра уэрэдхэм фрагъэдаIуэу, - жиIащ Гридасов Геннадий и гъэсэнхэр утыку къыщришэм.

Хорым игъэзэщIащ Бабаджанян Арно и уэрэдхэр, Римский-Корсаков Николайрэ Джейкобсон Лаурэрэ, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист ХьэIупэ ДжэбрэIил сымэ я IэдакъэщIэкIхэм щыщ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



ТекIуэныгъэ-77

# Сытми щымышынэу

Хэку зауэшхуэм и пэ къихуэу Дзэ Плъыжьым зэи бзылъхугъэ хэтакъым, къэрал гъунапкъэхэм къулыкъу щызыщIэ я щхьэгъусэхэм ящIыгъуахэм фIэкIа. 1941 гъэм и шыщхьэуIу мазэм гурыIуэгъуэ хъуат дзэм цIыхубзхэри ирадэкэн зэрыхуейр.

ЯпэщIыкIэ абы медицинэ Iуэхущ нэхъыбэу зэрахьар, ауэ хуэм-хуэмурэ связист, телефонист, радистхэр ягъэхьэзыру щIадзащ. Ауэрэ, зенитнэ къудамэхэм илъэс 18 - 25-м ит пщащэхэр куэду хагъэхьащ. Абы дежи кърыщыувыIакъым, авиацэ полк нэгъуэ къызэрагъэпэщащ, цIыхубз фIэкIа хэмыту. Апхуэдэурэ, 1943 гъэм ирихьэлIэу, Дзэ Плъыжьым бзылъхугъэ мелуани 2,5-рэ хыхьат.

## Зенитчицэхэр

Сыт хуэдэ зэхэуэ гуащIэми щымышынэу, а хъыджэбз хахуэхэм я къалэнхэр ягъэзэщIащ. Сталинград къекIуэлIа фашистхэр советыдзэм къыщиухъуреихьам, Германием и хьэуа флотыр къраджауэ щытащ, ар зыдагъэIэпыкъун я гугъэу. Ауэ пщащэзенитчицэхэм бийр жыжьэрэ гъунэгъуу Сталинград ирагъэкIуэлIакъым - мазитIым къриубыдэу абыхэм нэмыцэ кхъухьлъатэ 1000-м щIигъу кърадыхащ. Апхуэдэ зэи зыщIыпIи щалъэгъуатэкъым зэрыпхъуакIуэхэм.

## «Жэщтеуэхэр»

1943 - 1944 гъэхэм подполковник Бершанская Евдокие и бомбардировщик полкыр У-2 кхъухьлъатэхэм ису жэщкIэ теуэу щытащ Керчь хытIыгуныкъуэр зыубыда нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм. ИужькIэ, 1944 - 1945 гъэхэм, полкыр Белорус фронтым щыIащ, маршал Жуковым и дзэм дэIэпыкъуу.

У-2 кхъухьлъатэхэр, жэщрат уэгум щихьэр. Ахэр фронтым километри 8 - 10-кIэ нэхъ пэмыжыжьэу щытт. Зы жэщым къриубыдэу 10 - 12-рэ уэгум ихьэрт, бомбэ килограмм 200 зы зыIэтыгъуэм къыздищтэфырт, километри 100-кIэ лъатэрт. Абы и закъуэкъым. 1944 гъэм фашист зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэувэу



Польшэм зыкъыщызыIэтахэм Iэщэ, ерыскъыпхъэ, шэ, хущхъуэ хурадзыху щытащ «жэщтеуэхэм».

## «Лилие Хужь»

Ипщэ фронтым, Мелитополь деж, истребитель цIыхухъу полкым зы пщащэ яхэтащ кхъухьлъатэзехуэу, «Лилие Хужь»-кIэ еджэу (и кхъухьлъатэм лилие хужь тещIыхьат).

Зэгуэр полкым унафэ игъэзэщIауэ къэлъэтэжырт, «Лилие Хужьыр» и кIэм иту. Полкым и кIэр дзыхь къыпхуащIыныр - щIыхьышхуэт, псом нэхърэ уззрынэхъ Iэзэм и щыхьэтт ар. Ме-109 нэмыцэ истребителыр къещакIуэу къыщIэкIащ пщащэм, пшэм зыхигъэпщкIухьауэ. Фашист кхъухьлъатэзехуэр «Лилие Хужьым» и ужьым къиувэри, къеуащ. Пщащэм и кхъухьлъатэм Iугъуэ фIыцIэр къыпихуу зыкъигъазэри, нэмыцэ истребителым ебгъэрыкIуащ икIи къигъэзэжакъым.

ИужькIэ, зауэр иухауэ, Донецк областым хыхьэ Дмитриевкэ къуажэм щыщ щIалэ цIыкIухэм хьэдэ къупщхьэ гуэр къагъуэтауэ щытащ. Къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, ар «Лилие Хужьрат».

## Мисс Павличенкэ

Приморскэ Дзэм зы пщащэ закъуэ яхэтащ. Ар снайпер Павличенкэ Людмилэт. 1942 гъэм ирихьэлIэу абы фашист 309-рэ иукIат, 36-р снайперу.

А гъэ дыдэм Канадэмрэ США-мрэ лIыкIуэу ягъэкIуа гупым яхэтащ Павличенкэри. Зэман кIэщI дыдэкIэ цIэрыIуэ хъуа пщащэм США-м и президент Рузвельт Франклин къыхуэзат, снайпер цIыхубзыр игъэщIагъуэу.

Совет Союзым и лIыкIуэхэр зыхэта пресс-конференцым Павличенкэр къыщыпсэлъащ. Абы и анэр инджылызыбзэмкIэ егъэджакIуэу лажьэрти, и пхъум бзэр фIыуэ иригъэщIат. «Ныбжьэгъухэ! Сэ сыцIыхубзщ, илъэс 27-рэ сыхъуу аращ. Фашист 309-рэ сукIащ зауэр зэрыщIидзэрэ. КуэдыIуэрэ си щIыбагъ фыдэтауэ къыфщыхъуркъэ?!», - Америкэ псом зыхуигъазэу жиIат пщащэм.

Рузвельт и щхьэгъусэ Элеонорэ ныбжьэгъушхуэ къыхуэхъури, и нэгу зригъэужьыну, къэралыр иригъэлъагъуну ирагъэблэгъауэ щытащ. Гатри Вуди, америкэ уэрэджыIакIуэм, «Мисс Павличенкэ» уэрэдыр тыгъэ къыхуищIат снайперым.

## И лIым илъ ищIэжащ

1941 гъэм КъухьэпIэ фронтымкIэ щыIэ танкист ротэм и командир капитан Октябрьскэр зауэм хэкIуэдат. Абы и щхьэгъусэ Марие мурад ищIащ и лIым илъ ищIэжыну. Мылъкуу иIэр ищэжри, ар Сталиным хуитхащ, къыщIэкIа ахъшэмкIэ Т-34 (и щхьэгъусэр зэрысу щытам хуэдэ) танк къищэхуну, фронтым кIуэну хуит къищIыну. Сталиным унафэ ищIащ танк училищэм Марие щIагъэтIысхьэну, танкым исыфу зригъэса нэужьи зы къурату зауэм ягъэкIуэну. Октябрьскэр 1944 гъэм уIэгъэ хъури, абы къелакъым.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# ЩIыпIэр зыгъэдэха куэдыр къагъэщIэрэщIэж

**Вольнэ Аул и ипщэ къыдэлъэдапIэм хуэзэ Налшыкыпс Iуфэм бгъурыту дэкIуей гъуэгур зэрагъэпэщыж.**

ХЬЭТIОХЪУЩОКЪУЭМ и жыг хадэр ноби егъэдахэ ныбжь зиIэ псы Iуфэ щихухэр екIуэкIыу зылът а гъуэгу бгъуфIэшхуэм. Мэзымрэ псы ежэхымрэ я хьэуа къабзэр ауэ къэгъэнауэ, ар щIыпIэ нэхъ дахэхэм хабжэу зэрыщытам и щапхъэ куэд щыплъагъунущ Iэхэлъахэм: псы Iуфэ нэпкъ лъагэхэр, псыутхым хуэдэу псыр къызэжэх мывэ хъуреишхуэхэр, жыг абрагъуэхэр, щIыпIэщIыпIэхэм къыщызэпхыщыкъ лъэс лъагъуэ нашэкъашэ цIыкIуэхэр - псори блэкIам и фэеплъщ, удихьэхыу.

Гъуэгур бгъуэ пэмыт, зэи асфалт телъу щытакъым. Апхуэдэ теплъэр яхъумэнри хэлъщ, транспортым кIуапIэ яхуэмыхъун папщIэ. Совет лъэхъэнэм зэращIам хуэдэу, гъуэгубгъу гущIыIум тету ирикIуэ псы бжьамийхэм я щытыкIэр къапщытауэ, сэкъат зиIэхэр зэрагъэпэщыж. АдрыщIымкIи апхуэдэ лэжьыгъэ дыдэхэр щокIуэкI. Ахэр нэхъыбэу зэхьэлIар щIы щIагъкIэ кIуэ бжьамийхэрщ.

Налшык и нэчыхь тхыпIэ уардэ унэм и Iэгуэблагъэм зэман и пэкIэ къыщызэпхыкIыу щыта псыIагъэр иIэжкъым - щIыпIэм елэжьащ, дяпэкIи я нэIэ тетынущ. Псом ящхьэращи, дэтхэнэ зы зыгъэпсэхупIэ щIыпIэми хуэдэу, ди паркым и фэеплъ жыжьэхэр къагъэщIэрэщIэж.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Мы махуэхэм

### Накъыгъэм и 7, щэбэт

**♦Радиом, связым и IэнатIэ псоми я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

**♦Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**

♦**1985 гъэм** Налшык Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

♦**1990 гъэм** КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м щIыхь зиIэ и агроном **Чэгъэду Владимир.**

♦**1950 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Балэ Иринэ.**

♦**1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къудей Владимир.**

♦**1954 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI (ПхытIыкI) Соня.**

♦**1957 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ПщыхьэщIэ Хьэсэнбий.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

### Накъыгъэм и 8, тхьэмахуэ

**♦Жор Плъыжьымрэ Мазэ Ныкъуэ ЩхъуантIэмрэ я дунейпсо махуэщ**

♦**1936 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Нэгъуей Беслъэн.**

♦**1947 гъэм** къалъхуащ Мексикэм и къалащхьэ Мехикэ 1968 гъэм щекIуэкIа XIX гъэмахуэ Олимп джэгухэм лъакъуэрыгъажэмкIэ чемпион щыхъуа **Шыхъуэ Борис.**

♦**1953 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къущхьэ Хьэсбий.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 9, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

### Накъыгъэм и 9, блыщхьэ

**♦ТекIуэныгъэм и махуэщ**

**♦Щыпсэу щIыпIэхэр зыхъуэж бзухэм я дунейпсо махуэщ**

**♦Захуагъэм тету сату щIыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1910 гъэм** къалъхуащ режиссёр, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мыд Хьэжмусэ.**

♦**1927 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Бакъ Нарзан.**

♦**1927 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и связист **Ефэнды Батий.**

♦**1927 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Тхьэкъуахъуэ Башир.**

♦**1931 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Пэнагуэ Азэмэтджэрий.**

♦**1933 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Сэкрэк Мухьэдин.**

♦**1943 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Атэлыкъ Къэралбий.**

♦**1951 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Блий Станислав.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 9 - 11 щыхъунущ.

### Накъыгъэм и 10, гъубж

♦**1916 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и Лыхъужь **Къуэныкъуей Назир.**

♦**1929 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ХьэIупщы Лолэ.**

♦**1944 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Щоджэн Мухьэмэд.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

### Накъыгъэм и 11, бэрэжьей

♦**1934 гъэм** КъБР-м ПромышленностымкIэ и управленэ къызэрагъэпэщащ.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **АфэщIыж Марат.**

♦**1969 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ, республикэм щIыхь зиIэ и экономист **Мусуков Алий.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэпIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Лыхъужь и лъэужь кIуэдыркъым.**

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал радиор илъэс 95-рэ ирокъу

# Гъунапкъэ зимыIэ лъэмыж

*XIX лIэщIыгъуэр щиух илъэсхэм хиубыдэу, нэхъ пыухыкIауэ жытIэмэ, 1895 гъэм, щIэмкIэ накъыгъэм и 7-м, Санкт-Петербург дэт технологие университетым и егъэджакIуэ, инженер Попов Александр а лъэхъэнэм хуэфIэкIар дуней псом и къэхъугъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. И IэдакъэщIэкIым теухуауэ абы мыпхуэдэу жиIэгъащ: «Токым и къарур къэбгъэсэбэпурэ, мы Iэмэпсымэр адэкIи егъэфIакIуэмэ, сыт хуэдэ макъри дэнэ щIыпIэкIи щыбгъэIуфынущ».*


Радиом и ветеран гуп. *1992 гъэ*

ПОПОВ Александр жиIар зэрыпэжыр наIуэ къэхъуу хуежьащ XX лIэщIыгъуэм и пэхэм. А къэхутэныгъэр щIэдзапIэ хуэхъуащ иужькIэ лъэ быдэкIэ цIыхубэм я гъащIэм къыхыхьа связымрэ радиомрэ. Зэпэжыжьэ щIыналъэхэм щыпсэухэр, я пIэ имыкIыу, зэпсэлъэф, ЩIы Хъурейм, къэралым щекIуэкIхэм ятеухуа хъыбархэр зэхах хъуащ.

Коммуникацэм, нэгъуэщIу жытIэмэ, цIыхухэм, къэралхэм, континентхэм я зэпыщIэныгъэм ехьэлIа зы къэхутэныгъи щыIакъым икIи щыIэкъым радиом и Iэмалхэм лъэныкъуэ гуэркIэ пымыщIауэ. Къатщтэмэ, хьэршым цIыхухэр лъэтэфынтэкъым, абы епха Iуэхугъуэ куэдыкIейхэри яхуэгъэзэщIэнтэкъым радиом и къэгъэсэбэпыкIэр я Iэпэгъуу щымытамэ.

# Радиор - ди щIыналъэм

*Я махуэм ирихьэлIэу, дэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ Къэбэрдей-Балкъэр радиом адыгэбзэкIэ и нэтынхэм и редактор нэхъыщхьэ Тэтрокъуэ Астемыр.*

**- Астемыр, псом япэрауэ, фи махуэмкIэ дынывохъуэхъу! Ди гуапэщ зывузэщI зэпыту фи IэнатIэр ефхьэкIыну, нэтын купщIафIэ куэд дяпэкIи фи Iэдакъэ къыщIэкIыну, фи мурадхэм фылъэIэсыну! Уи деж къыщедгъэжьэнщи, радиом лэжьэн зэрыщыщIэбдзам и гугъу къытхуэщIыт.**

- ЯпэщIыкIэ сыздэкIуар телевиденэрат. Ноби хуэдэу, а лъэхъэнэми радиомрэ телевиденэмрэ зы IуэхущIапIэт. Телевиденэм сыздэщыIар сабийхэм ядэлажьэ редакцэрат. Ауэрэ, илъэситхум нэблэгъауэ сыздекIуэкIым, тхакIуэ цIэрыIуэ, журналист пажэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд къысхуиIуэхуащ, радиом литературэ-драмэ къудамэу иIэм укъакIуэ хъунущ жиIэри. ТIэкIу сычэнджащэри, сытегушхуащ. КъищынэмыщIауэ, литературэм сытепсэлъыхьыныр, щыгъуазэ зыхуэсщIыныр сфIэфIт, иджыпстуи хуэдэу. 1985 гъэм и шыщхьэуIу мазэм щIэздзауэ, абы лъандэрэ сыщолажьэ.

**- Къэбэрдей-Балъкъэр радиом гъуэгуанэу къикIуам, и лэжьыгъэр зэрекIуэкIам и гугъу къытхуэщIыт.**

- Радиом щылажьэхэр сытым щыгъуи тыншу дызэдокIуэкI. Къармокъуэ Мухьэмэд щыщыIами, иужьым БжэныкIэ Мухьэб щытетами, зэгурыIуэ ди зэхуаку дэлъу, зы унагъуэм хуэдэу сытым дежи дыкъогъуэгурыкIуэ. Улэжьэну ухуей закъуэмэ, зыкъыпщIагъэкъуэнущ. А щытыкIэр мы IуэхущIапIэм зэрыщызэтеувэрэ куэд щIащ, къыщежьари си деж-къым. Лъэхъэнэ блэкIахэр дигу къэдгъэкIыжу къыхэдгъэщынщи, «Псалъэр Налшыкщ» жызыIам и макъыр япэ дыдэу эфирым щыIуар 1927 гъэм накъыгъэм и 1-рт. А Iуэхугъуэм иращIэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэм кърихьэлIахэт Москва, Дон Iус Ростов, Ставрополь къалэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIа хьэщIэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэхэм я лIыкIуэхэри куэд хъурт. Уэ сыти жыIи, ди деж къыщыунэхуа радиостанцыр Кавказ Ищхъэрэм щыяпэт. Апхуэдэ щIыкIэм тету, илъэс 95-рэ и пэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм, ди цIыхухэм я гъащIэм радиор къыхыхьащ. Аращи, «жьэрыIуатэ газеткIэ» еджэу къежьауэ щыта радиор абы лъандэрэ къыддокIуэкI цIыхубэм я Iуэху еплъыкIэр, я гупсысэр зэришалIэу.

**- ЦIыхухэм и хьэл-щэныр зыдж щIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, эфирым и пщIэр зыIэт нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ абы къыщыIухэр лъэпкъхэм я къекIуэкIыкIам, я нобэм, я психологием зэрыпэджэжри. АтIэми, адыгэхэр хабжэ жьэрыIуатэ псалъэм пщIэ лей хуэзыщIхэм. Уэ дауэ уеплърэ абы, Астемыр?**

- Срителъхьэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэми фIыуэ къагурыIуэрт жьэрыIуатэ псалъэм мыхьэнэ ин зэриIэр. А зэманым газету къахудэгъэкIыр мащIэт. Радиом и макъыр здынэмыс щымыIэу апхуэдэти, абы зегъэужьыным гулъытэшхуэ хуащIу щIадзат. ЖьэрыIуатэм и пщIэр апхуэдизу лъагэт, куути, къызэраIуэтэжымкIэ, радиом адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ лэжьэн щыщIидзам, нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми я фIэщ яхуэмыщIыжу, телъыджэлажьэу къащыхъурт. ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэм и IэмалыщIэм хэпщIыкIыу зиужьырт, радиом едаIуэхэр нэхъыбэ хъурт. Арами, а зэманым адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ ягъэхьэзыр нэтынхэр, иджырейхэм етлъытмэ, хуабжьу мащIэт, дакъикъипщIым фIэкIыртэкъыми, ар цIыхухэм ягу къеуэрт. Мыдрей нэтынхэр псори зэрекIуэкIыр урысыбзэт. А щыуагъэр зэрыгъэзэкIуэжыпхъэр къелъытэри, партым и обкомым 1936 гъэм и мэлыжьыхьым унафэ къыдегъэкI, радиокомитетым и лэжьэкIэм зэрыщыту зегъэхъуэжын зэрыхуейм хуэгъэзауэ. Программэхэр щIэм тету ягъэхьэзыру щIадза нэужь, эфир зэманым и процент 80-р адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ, процент 20-р урысыбзэм лъагъэс. Абы и фIыгъэкIэ анэдэлъхубзэкIэ къэпсалъэхэм, къатхэхэм я бжыгъэми хэхъуат. Нэтыну ягъэхьэзырхэм хагъэхьэрт гъэсэныгъэм, егъэджэныгъэм, политикэм, экономикэм, литературэмрэ щэнхабзэмрэ ятеухуахэр. А лъэхъэнэм радиом къыдэлэжьа корреспондентхэм къахэкIащ парт, къэрал лэжьакIуэхэр, тхакIуэхэр, нэгъуэщI цIыху цIэрыIуэхэр.

**- Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм радиом и лэжьыгъэр ди щIыналъэм щызэпыуакъэ?**

- Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, бийр ди щIыналъэм къыщысам, «Псалъэр Германиерщ» зыфIаща пункт фашистхэм къызэIуахат. Налшык ипсэлъыкI радиор абы лъэщу пэщIэтащ. ЗэрыпхъуакIуэхэм зэрахьэ лейр, ди цIыхухэм къагъэлъагъуэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ зэпымыууэ хэIущIыIу ящIырт. Ди журналистхэм къадэIэпыкъурт Союзпсо радиом и корреспонденту Ипщэ фронтым щыIа Ковановыр. АрщхьэкIэ, нэмыцэхэр къэблэгъапэ щыхъум, партым и обкомым и япэ секретарь КIумыхъу Зуберрэ 37-нэ армэм и унафэщIхэмрэ я щIэгъэкъуэну, радиом пыщIа техникэри бзищымкIэ къеджэнухэри Тбилиси ягъэIэпхъуэри, бийр хэкум ирахужыху абы


Тэтрокъуэ Астемыр

къыипсэлъыкIащ. А мазэхэм радиом и лэжьыгъэр яунэтIащ Теунэ Хьэчимрэ Залиханов Жэнэкъаитрэ. 1943 гъэм щIышылэм и 4-м Налшык хуит къащIыжащ. Республикэм и къалащхьэм япэу къыдыхьэжа советыдзэхэм я гъусэу ди щIыпIэм корреспондентхэм къагъэзэжащ икIи зэрыпсалъэ Iэмэпсымэхэр псынщIэу ягъэуври, Налшык хуит къызэращIыжам теухуа хъыбарыр Кавказ Ищхъэрэм щыяпэу Левитан и макъымкIэ щагъэIуащ. Я лэжьыгъэр зэтраублэжа нэужь, зэуапIэ IэнатIэхэм щекIуэкIхэр щIэмычэу къатырт, «Иужьрей сыхьэт», «Фронтым къикI письмохэр» псалъащхьэхэм, нэгъуэщIхэми щIэту ягъэхьэзыр нэтынхэм цIыхухэр пэплъэ зэпытт. Программэхэм куэду хагъэхьэрт ди хэкуэгъу зауэлIхэм, псалъэм папщIэ, Къардэн Къубатий, Къуэныкъуей Назир, Байсултанов Алим, КIэфо зэкъуэшхэм, Головко Арсений, нэгъуэщIхэми ятеухуа тхыгъэхэмрэ очеркхэмрэ. Жылагъуэхэр къызэхакIухьырт, лъэщапIэхэм кIуэрт, цIыхухэр къагъэпсалъэрт, Iуэхум нэхъри трагъэгушхуэрт.

**- Япэ ита нэхъыжьыфIхэм иджыри сыт яхужыпIэнт, Астемыр?**

- Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуащIащ журналист нэхъыжьхэу Тхьэщокъуэ Мурадин, Журт Тыгъуэн, Дыджэ Зулъкъэрней, Къардэн Жыраслъэн, Емуз Гъузер, Сэкрэк Хьэсэн, Дыкъынэ Хьэмид, Къармокъуэ Мухьэмэд, АфIэунэ Рае, Шэт Николай, Гувэжыкъуэ Пётр, Тэрчокъуэ Исуф, Хьэлышх Иннэ, Къагъырмэс Борис, Журт Биберд, Къуэдзокъуэ Хьэсэн, НэщIэпыджэ Ибрэхьим, БжэныкIэ Мухьэб, Джыназ Юрэ, Джэрыджэ Арсен, дикторхэу ЩакIуэ Хужь, Безрокъуэ Хужь, Багъэтыр Аркадий, операторхэу Ащнокъуэ Николай, БакIуу Борис, ГъущIо Ритэ, режиссёр Къуэдзокъуэ Тамарэ, инженер Жаным Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщI куэдми. Си япэкIэ къэувахэми си яужькIэ къэкIуахэми садэлэжьащ, дэтхэнэми и IуэхущIафэм мыIейуэ сыщыгъуазэщ. Зы псалъэу жысIэнщи, игури и псэри етауэ и къалэныр езымыхьэкI яхэтакъым икIи къытхэткъым. Дэтхэнэри Iуэхум хуэпэжщ, дагъуэншэу лэжьыгъэр зэрыдигъэкIыным хущIокъу.

**- ЛэжьакIуэу фи деж къакIуэхэр къызэрыхахыу щыта щIыкIэм и гугъу къытхуэщIыт.**

- Радиом адыгэ нэтынхэмкIэ и редактор нэхъыщхьэ Къармокъуэ Мухьэмэд зэрытхакIуэ щэджащэм къыдэкIуэу икIи журналист Iэзэт. Лэжьыгъэм фIыуэ хищIыкIырти, ущигъэуэнутэкъым. Тхэфынури абы пэмылъэщынури тыншу зэхигъэкIыфырт. Аращ а зэманым къащтахэм лэжьакIуэфI, журналист, тхакIуэ хъарзынэхэр къащIыхэкIар. Уеблэмэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и фIыпIэхэр зыIыгъри зыгъэбагъуэри, адэкIэ зыгъэкIуатэри ахэращ. Апхуэдэщ ди щIыналъэми, ди къуэш республикэхэми, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми фIыуэ къыщацIыху журналист гуащIафIэхэу Мыз Ахьмэд, Къудей Лидэ, Хьэмту Къадир, МахуэлI Хъаджэт, Мыз Майе, Багъэтыр Нинэ, Вындыжь Марие, Пщыгъэуш (Гъубжокъуэ) Раметэ, лэжьакIуэщIэу къытхыхьагъащIэхэм ящыщ Жыгуэ Иннэ, «Нур» сабий журналым редактор нэхъыщхьэу ягъэкIуа Аброкъуэ Беллэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

**- Зи цIэ къипIуахэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм теухуауэ сыт къыджепIэнт, Астемыр?**

- Дэтхэнэми езым и журналист хъэтI иIэжщ, и бзэкIэ и Iуэху еплъыкIэр къеIуатэ, радиом едаIуэхэм ябгъэделъхьэ. Къапщтэмэ, Къудей Лидэ и нэтынхэм гъащIэм и плъыфэ зэхуэмыдэхэр хыболъагъуэ. Ди япэ ита нэхъыжьыфIхэм я IуэхущIафэу щытам, я къекIуэкIыкIам щатепсэлъыхькIэ, абы и бзэ шэрыуэм зэман блэкIахэр IупщIу уи нэгу къыщIегъэхьэ. Псом хуэмыдэу, пщIэ лей хуещI Хэку зауэшхуэм хэтахэм, хэкIуэдахэм я щхьэгъусэхэм, а лъэхъэнэ хьэлъэм фронтым хуэлэжьахэм. Абыхэм щепсэлъылIэкIэ, я гукъэкIыжхэр къащригъэIуэтэжкIэ, и псалъэм хуосакъ, щабагъэр япэ ирегъэщ, цIыхухэр зэдэIуэну, гъэщIэгъуэн ящыхъуну къилъытэхэр къыхегъэщхьэхукI. Мыз Ахьмэд дэни нэсыф журналистщ. Ар къэзымыцIыху лэжьакIуэжь ди къуажэхэм щыгъуэтыгъуейщ. Мызыр жанр куэдым хэзагъэ, псом хуэмыдэу, радиоочеркхэм хуэIэижь журналистщи, ар IэкIуэлъакIуэу къегъэсэбэп. МахуэлI Хъаджэт эфирым щыIу и псалъэм пщIэ хуещI, узэрегъэдаIуэ, егугъуу зэригъэхьэзырым и щыхьэту, и нэтынхэр купщIафIэщ. Хьэмту Къадир бэм и сэбэп зыхэлъыр япэ ирегъэщ, адыгэм и тхыдэм, дин пэжым щIэх-щIэхыурэ топсэлъыхь, абыхэм кууэ щыгъуазэ щIэныгъэлIхэр, IэщIагъэлIхэр и нэтынхэм къыхешэ, жэуаплыныгъэ хэлъу и лэжьыгъэр къызэрегъэпэщ. Вындыжь Марие еджапIэхэм, гъэсапIэхэм, щIэблэм жыджэру ядолажьэ, абыхэм я IуэхущIафэм бзэ IэфIкIэ топсэлъыхь. Мыз Майерэ Гъубжокъуэ Раметэрэ зэманым декIуу, гугъэзагъэу икIи щIэщыгъуэу хъыбарыщIэхэмкIэ къудамэм и Iуэхур шэщIауэ къызэрагъэпэщ.

**- ЦIыхухэм гуапэ ящыхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом канал щхьэхуэ къызэрыхудахар, 99,5 хьэрш хысыджым хуэгъэпсауэ зэпымыууэ зэрылажьэр. Техникэ и лъэныкъуэкIэ фыкъызэрызэгъэпэщам куэду зэрызихъуэжами дыщыгъуазэщ. А Iуэхугъуэм фи лэжьыгъэр нэхъ тынш ищIауэ къэплъытэрэ?**

- Мы зэманым техникэщIэу къыдатам дэтхэнэри апхуэдизу хуэшэрыуэ дыхъуащи, къедгъэтынухэр щызэхэдгъэувэкIэ, режиссёр къалэнри операторым и пщэрылъри зыми дапэмыплъэу, дэр-дэру дгъэзэщIэжыф хъуащ. Едгъэтха макъхэр догъэкъэбзэж, макъамэхэр щIыдогъэувэж, пэублэ, кIэух текстхэр догъэхьэзырыж, дыкъоджэжри, эфирым зэрыдутIыпщынум хуэдэу, монтажыр зэрыщыту зыщIар дэрауэ къыщIедзыж. Дауи, редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэри дымыгъэзащIэу хъунукъыми, къыддэлажьэхэм ягъэхьэзырахэм сахоплъэж.

*Мис апхуэдэ зэхущытыкIэ дахэ эфирымрэ цIыхубэмрэ зэхуаIэу къогъуэгурыкIуэ 1927 гъэм накъыгъэм и 1-м къызэIуахауэ щыта, къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм зыужьыныгъэшхуэ зыгъуэта Къэбэрдей-Балъкъэр радиостанцыр.*

*Тэтрокъуэ Астемыр адыгэ гупым и унафэщIщи, редакцэм и Iуэхур тэмэму еунэтI, къищынэмыщIауэ, нэтын щхьэхуэхэр ирегъэкIуэкI.*

*«Гъунапкъэ зимыIэ лъэмыжкIэ» зэджэ радиор лъэ быдэкIэ увыным зи гуащIэрэ зи зэфIэкIрэ хэзылъхьахэм, абыхэм я Iуэхум пызыщэхэм я махуэ лъапIэмкIэ, къытедгъэзэжу, дохъуэхъу!*

*Зыгъэхьэзырар*
**КЪУМАХУЭ Аслъэнщ.**

ТекIуэныгъэ-77

# Ныбжьэгъур пфIэкIуэдыныр псом нэхърэ нэхъ хьэлъэщ

**Хэку зауэшхуэм хэта цIыху сыхуэзэхукIэ пIейтей сохъу: ярэби, къысхуэгъэпсэлъэну, си упщIэхэмкIэ гугъу езмыгъэхьыну пIэрэ жысIэу. Ауэ дакъикъэ бжыгъэ докIри, здэкIуар сымыщIэу мэбзэхыж си гур зэрыгъуар. ГъащIэ къэзыгъэщIа цIыхум удэуэршэрыну сытым дежи гухэхъуэщ. ЩIэнгъуазэ пэлъытэщ апхуэдэ зэIущIэхэр, цIыхухэм къызэрагъэсэбэпыр мащIэ дыдэрэщ жумыIэмэ. Тхьэкъуахъуэ Нухь и къуэ Баширщ а псом сезыгъэгупсысар.**



БАШИР сыщыхуэзам къызэрыщIидзар и сабиигъуэм е зауэ зэман хьэлъэм ехьэлIа гукъэкIыжкъым, атIэ и ныбжьэгъухэр нобэ къызэрыбгъэдэмытыжым кърит гухэщIырщ. Абы щIигъэгумэщIыр нэгъэсауэ къызгурыIуащ ди псалъэмакъым икухэм деж: игъэунэхуат ныбжьэгъугъэ нэсыр - нэгъуэщIым пхуемыгъэпщэну фронт зэныбжьэгъугъэр. «Зауэм уи щхьэм нэхърэ нэхъ дзыхь щыхубощI уи ныбжьэгъум», - жиIащ си псэлъэгъум. ТIэкIурэ хэгупсысыхьри къыщIидзащ.

- Жьыгъэр уи Iэпкълъэпкъым и щытыкIэм и закъуэкъым къызэрыпщIэр, - ар, ухуей-ухуэмейми, зыри къызэрыпхуэмыныкъуэжым, нэхъ пэжу жыпIэмэ, нобэрей гъащIэм узэрыхэмызэгъэжым теухуа гупсысэр къыщыпкIэщIэзэрыхь ныбжьщ. Ар жьыгъэмрэ щIалэгъуэмрэ я зэпэщIэтыкIэщ. ЩIалэгъуалэм я гъэлъапIэхэри нэгъуэщIщ, я Iуэху еплъыкIэри дыдейм жыжьэрэ гъунэгъуу техуэркъым. Зэгуэрым си къуэрылъху-пхъурылъхухэм сеупщIащ: «Сыт тхылъыр зищIысыр?» Жэуапу къызат: «Тхылъыр - тхылъщ». Си дежкIэ ар губзыгъагъэм и кIыщщ, Iущыгъэм и хъумапIэщ. ЦIыху Iущхэм - физикхэм, химикхэм, тхыдэтххэм, тхакIуэхэм - а я лэжьыгъэхэм сыт хуэдиз къулеигъэ яхэлъ. Иджырей школхэм сабийхэр щыхуагъасэркъым тхылъ еджэныр фIыуэ ялъагъуу. Сэ зи гугъу сщIыр художественнэ литературэм и закъуэкъым, атIэ сыт хуэдэ тхылъи. Сабийхэр гъэсэн хуейщ тхылъ еджэрэ итым егупсысу. Мис абы щыгъуэщ еджэну хуейуэ тхылъым нэхъуеиншэ щыхуэхъунур, Iэмал имыIэуи щхьэпэ гуэр я щхьэм къинэнущ.

А псалъэхэм иужькIэ «къысхуэгъэгъу» жиIэщ Башири, къэтэджри щIэкIащ. ПсынщIэ дыдэуи къыщIыхьэжащ шумэданышхуэ иIыгъыу. «Иджыри къэс и гур зэрыгъум и гугъу къысхуищIауэ аращ, дяпэкIэщ зауэ гукъэкIыжхэм щыхыхьэнур» сигу къэкIащ сэ. Фронтовикхэм я дэфтэрхэр, сурэтхэр, медалхэр шумэданым дэлъущ-тIэ зэрахъумэр.

- Сэ сыкъыщалъхуар мэкъумэшыщIэ унагъуэщ. Си адэ Нухьрэ си анэ Къэнитатрэ бынитху зэдапIащ. Илъэсибл школыр къэзуха иужь, Налшык дэт педагогикэ училищэм сыщеджащ, 1940 гъэм Нартан къуажэм лэжьэн щыщIэздзащ. Илъэс дэкIри си къуажэ сагъэкIуэжыну сыщIэлъэIуащ. Махуэ къэс псы ежэхым сызэпрыкIыурэ щезгъаджэ школым сыкIуэрт. КIакхъу зэрыщIач щIыкIэм щыхуедгъасэ дерс щхьэхуэр иухауэ фочыр згъэкъэбзэжу сыщыст махуэ гуэрым. Пионервожатэр къызбгъэдохьэри къызоупщI: «Къэхъуар пщIэрэ?» «Хьэуэ», - жэуап изот. «Зауэ къэхъеящ!» Зыри къэмыхъуам хуэдэущ хъыбарым сызэрыIущIар, а псалъэм и мыхьэнэ дыдэри сщIэртэкъым сэ. Мыгувэу комсомол секретару сыхах, районым щекIуэкI зэIущIэхэм я зым къыщыджаIэ зауэм зэрыщIидзар, Хэкур тхъумэн зэрыхуейр. Ар зэхэзыха псоми зэуэ лъэIу тхылъ дотх фронтым дыкIуэну. ЗанщIэу сыдашакъым, зэуапIэм сыщыIухьар 1942 гъэм и гъатхэпэ мазэращ.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр Сталинград къыщебгъэрыкIуэм, а къалэм пэмыжыжьэ Урюпинск дэт дзэ училищэр Къэбэрдей-Балъкъэрым, Щхьэлыкъуэ къуажэм и Iэшэлъашэм, къагъэIэпхъуауэ щытащ. Биидзэр Дон Iус Ростов щынэсам, курсант 2500-м я зыу Тхьэкъуахъуэр а училищэм щеджэрт. 12-нэ дзэм хэт курсант полк щхьэхуэу ахэр Кубань яшащ.

- Кубань псым и Iуфэр тIыгъыну ди унафэт, абы телъ лъэмыжыр советыдзэм къигъэуэху тхъумэну, зы бий къызэпрыдмыгъэкIыну ди къалэнт. Зэхэуэ гущIэгъуншэм щIидзащ. Къагъэуащ лъэмыжыр. Гъуэгур зыхузэхуэщIар нэмыцэм я закъуэтэкъым, дэри кIуапIэ къытхуэнатэкъым. Къарухэр зэхуэмыдэт жыпIэнри зыри жумыIэххэнри зыщ: курсант лъэсыдзэхэр кхъухьлъатэхэмрэ танкхэмрэ дызэрыпэщIэтыр мафIэ зыдз птулъкIэхэмкIэт. ПщIы бжыгъэкIэтэкъым зэрыхэкIуадэр, щэ бжыгъэт. А лъыгъажэшхуэр къыщыхъуа щIыпIэр Кропоткин къалэм щыпсэухэм нобэр къыздэсым ягъэлъапIэ. Зи пащIэ-жьакIэ зэщIэмыхьа щIалэ цIынэхэм, хэкур хъумэным зи бгъэр пэщIэзыгъэувахэм ятеухуащ «Урюпинским солдатам» гимныр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ курсанту миным щIигъу щыщIалъхьа щIыпIэм и деж щагъэувауэ Кропоткин дэтщ курсант дамэтелъыр зи теплъэ, метрипщI зи лъагагъ фэеплъ.

- ЗауапIэм ущыIутым и деж узэгупсысыр зыщ: Хэкум и пащхьэм щыпхь жэуапыр, ар бгъэпэжыну тхьэ зэрыпIуар, пщэрылъ къыпщащIар нэгъэсауэ зэрыбгъэзэщIэныр. Дапщэрэ къысхуихуа а зауэм сегупсысыну икIи зэпымыууэ сызыхуэкIуэжыр сэлэтхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ текIуэныгъэр къызэрахьарщ. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэм дытекIуэу ди щIыналъэр хуит къэщIыжын зэрыхуей гупсысэм зэкъуигъэуват цIыхубэр. Зэкъуигъэуват къызыхэкIа лъэпкъми, зэрихьэ динми, зыщыщ щIыпIэми емылъытауэ.

Кубань и деж щрагъэкIуэкIа зэхэуэ гущIэгъуншэм щыщу къэнар курсант полкым и гуп щхьэхуэхэт. Ахэр щытрагуэшэжым, Тхьэкъуахъуэр хэхуащ 221-нэ дивизэм и 671-нэ фочауэ полкым.

- Иджы бийм дебгъэрыкIуэу арат. ЗэрикIуэтым щхьэкIэ къэгубжьа нэмыцэр хьэIуцыдз хъуат. Къалэхэмрэ къуажэхэмрэ ягъэсырт, сабийхэр, лIыжь-фызыжьхэр яукIырт. Ди зауэлIхэм къагурыIуэрт гужьеигъуэ къызылъыса хьэкIэкхъуэкIэм ищIэфынури, щхьэкъэIэтыпIэ ирамыту и ужьыр яхурт. А махуэхэм дэ мэжалIи зыгъэпсэхун хуейуи тщIакъым. Ди дивизэм и командир, Совет Союзым и ЛIыхъужь Блажевич жьэIурыхьэгъуэ щыдгъуэта дакъикъэхэм къыджиIат: «Фэ фызыхыхьэр фщIэрэ? Ар лъыгъажэшхуэщ. Ауэ фыщыхэкIуадэкIи КъухьэпIэмкIэ фи Iэхэр зэрыфшиин хуейр зэвгъащIэ, фызытехуэ щIыри къызэрывзэуар кърivгъэлъагъуэу». А генералыр сэ мызэ-мытIэу слъэгъуащ Iэщэ иIыгъыу зауэу. ТекIуэныгъэр и нэгу щIэкIакъым абы, Прибалтикэм щыхэкIуэдащ.

1944 гъэм щIышылэм и 10-м Днепр Iус Никополь къалэм и деж Башир уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ. «Сыкъыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу нэмыцэхэм тыгъэ схуащIат», - гушыIэрт Тхьэкъуахъуэр. Сымаджэщ нэужьым Башир ягъэкIуащ фронтым папщIэ ягъэхьэзыр ротэр зыхыхьэ 85-нэ фочауэ полкым. «Пщэджыжьым жьыуэ къэIуащ махуэ къэс дыкъэзыгъэуш макъыр. Псори дыкъыщылъэтащ, арщхьэкIэ зэхыдох: «Зывмыхуапэ! Германием къыдищIылIа зауэр ди текIуэныгъэкIэ иухащ!» - игу къегъэкIыж Башир и нэпсыр къызэпижыхьауэ.

Тхьэкъуахъуэр дзэм къыхэкIыжащ 1945 гъэм. Зэман иIэтэкъым Iэпкълъэпкъым телъ уIэгъи псэ чэтхъаи кIыжыху ежьэну, абы къыпэплъэрт къигъэна еджакIуэхэр. ЯпэщIыкIэ дзэ Iуэхумрэ физкультурэмкIэ иригъэджащ. Зытриублэжын хуейр и лэжьыгъэм и закъуэтэкъым, еджэнри иригъэжьэжыпхъэт. Педагогикэ институтым щIэтIысхьэжащ, 1961 гъэм щегъэжьауэ 1983 гъэ хъуху географиемрэ биологиемкIэ иригъэджащ. Пенсэм кIуэху школ директорым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ и къуэдзэу щытащ. Абы иужькIи Башир и Iэ зэтридзэу тIысыжакъым, фIыуэ илъагъу биолоигие дерсыр иригъэджащ. Псори зэхэту Тхьэкъуахъуэ Башир лэжьащ илъэс 59-кIэ.

Дзэм щищIа къулыкъум нэхърэ нэхъ тIасхъэкъым Башир школым щрихьэкIа лэжьыгъэр. Абы иригъэджащ, игъэсащ щIэблэ куэд. Ар КъБР-м, СССР-м егъэджэныгъэмкIэ я отличникщ, лэжьыгъэм и ветеранщ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм, Профсоюзым и ЦК-м я щIыхь тхылъхэр, нэгъуэщIхэри мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ. Ахэр къыкIэлъыкIуат «Хэку зауэшхуэ» орденым и 1-нэ нагъыщэм, «Хахуагъэм папщIэ», «Германием дызэрытекIуам папщIэ» медалхэм, нэгъуэщIхэми.

А дамыгъэхэмрэ дэфтэрхэмрэ я гъусэу Тхьэкъуахъуэхэ я унагъуэм щахъумэ сурэтхэр, зэуапIэм къыдыIута и ныбжьэгъухэм къыхуагъэхьа письмохэр. 221-нэ Мариуполь дивизэм и 671-нэ фочауэ полкым хэтахэм яIащ щызэхуэзэ, я гимныр щыжаIэ щIыпIэ - Кропоткин. Фронт зэныбжьэгъугъэ быдэ яку дэлъащ абыхэм, иужьрей дыдэ ветераныр дунейм ехыжа иужькIи кIуэдыжынкIэ Iэмал имыIэу. Сыту жыпIэмэ апхуэдэ зэхущытыкIэр, апхуэдэ лIыгъэр пщыгъупщэ хъунукъым, лIэщIыгъуэкIэрэ къытщIэхъуэ щIэблэм ящIэжын хуейщ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, Тхьэкъуахъуэхэ я унагъуэм исщ а фэеплъыр зыхъумэфынхэр. Баширрэ абы и щхьэгъусэ ФатIимэрэ къуищ зэдапIащ, псоми щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэщ, пщIэ зыпылъ IэнатIэ пэрытщ: Руслан - егъэджакIуэщ, Климент - инженер-ухуакIуэщ, Аслъэн - агрономщ. Я зэкIэлъыкIуэкIэм пхузэфIэмыкIыу урегъэгупсыс: нэхъыжьым ирегъаджэ, курытым еухуэ, нэхъыщIэм егъашхэ. Мис а и бынхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэ я уафэр къащхъуэу, я щIылъэр щхъуантIэу, яфIэфI IэнатIэм пэрыту лэжьэн щхьэкIэкъэ иджыри зи пащIэ-жьакIэ зыщIэмыхьа Башир и Хэкум къыщхьэщыжу зэуапIэм щIыIутар?! И ужьыр махуэ Тхьэм яхуищI и щIэблэм!

**БЕЙТЫГЪУЭН ХьэIишэт.**

# Си адэшхуэм къиIуэтэжауэ щытар...



Мырзэкъан Музэрин

**Зауэшхуэр къэхъеят, унагъуэхэм лъапсэрыхыр ирилъхьэу: сабийхэр зеиншэу къигъанэу, цIыхубзхэр фызабэ ищIу, анэхэр къуэхэм я гуауэм иригъэхьыжу... Аращ зытеухуар си адэшхуэ Мырзэкъан Музэрин къиIуэтэжа мы хъыбарри:**

- Абы щыгъуэ сэ илъэсибл сыхъуу арат. Си шыпхъур илъэсищ хъурт, къуэш нэхъыщIэр илъэситI ирикъупатэкъым.Ди адэр зауэм дашащ, мазих нэхъ дэмыкIыуи хэкIуэдащ. Абы и ужь ди анэри дунейм ехыжащ. Хьэчим, быным я нэхъыщIэр, ди анэ тхьэмыщкIэм и къурIэнаджэр зэфIэкIыху щагъэIэну ди адэ къуэшым и пхъум деж яшат.

Ди адэ тхьэмыщкIэм и къуэш Дзыдзу гъусэ схуэхъуат, Хьэчим къэсшэжыну сыщыкIуэм. Аслъижан гъунэгъум йожэкI, уэрамым долъадэ, и куафэм йоуэж - сабийр игъуэтыжыркъым, напIэзыпIэм здэкIуэдари къыгурымыIуэу жеIэ. Дзыдзу сэрэ дэнэ щытщIэнт Аслъижан Хьэчимым мылъыхъуэххауэ, гъунэгъухэр къызэхижыхь нэпцI зищIауэ... Пщыхьэщхьэр фIыуэ хэкIуэтауэ дыкъыдокIыж, тIуми ди щхьэр къытхуэмыIэту. Си гум зишхыхьыжырт: щхьэ еттат?

ЕтIуанэ махуэм тедгъэзащ Аслъижанхэ. ДыздэкIуам дыдэмыхьэ щIыкIэ къытхуэзащ Нэгумэ Iэлэбуц жыхуаIэр, икIи абы ди адэ къуэшым къыжриIащ: «Уэлэхьи, Дзыдзу, мыбыхэм зэ къытрагъэзэжамэ и пэжыпIэр яжесIэнт, мы унагъуэр Iеищэу мэгуIэ жысIэу сыныфпэплъэу аратэмэ. Мы си нитI къаплъэхэмкIэ слъагъуу, Налшык кIуэ автобусым Аслъижанрэ сабиймрэ итIысхьащ. КъызэрыкIуэжар щIалэ цIыкIур имыгъусэжущ. ФыкIуи, Налшык фыщылъыхъуэ».

Куэдрэ дыкъекIуэкIащ, Хьэчим дымыгъуэтыжурэ. Сэ сыкъыдэкIуэтеящ, балигъ сыхъуащ. Хьэкъыу спхыкIат: си къуэшыр къэзмыгъуэтыжауэ сыувыIэ хъунутэкъым.

Си гугъэ хэсхыжынми сынэсауэ, Хьэчим и лъэужь сытехьащ. Налшык дэт интернат гуэрым сыщыщIэупщIэну сыIухьауэ, ныбжь зиIэ цIыхубз сырыхушхуэ къыспожьэ. Урыс фIэкIа си гугъакъым цIыхубзыр. СыкъызытекIухьар зэрыгурызгъэIуэнум сыздегупсысым, езыр адыгэбзэ къабзэкIэ къэпсэлъащ. СыкъыщIэкIуар цIыхубзым щыжесIэм, гупсысэри зы щIалэ цIыкIум хуигъэфэщащ. Си Iуэхур къизымыдзэну фэ зэсплъа цIыхубзыр къысхуэгузави хуэдэт. Сабийм и цIэри ищIэжырт си псэлъэгъум. Ауэ цIэ къудейкIэ уигу бгъэтIылъ хъунутэкъым - лъагэу узыIэта гугъэр пцIыуэ къыщIэкIмэ, уиудыныщIэу щIылъэм утридзэжынут. ЩIалэ цIыкIум ХьэкIурацэкIэ еджэу шыпхъу иIэу и гугъу ищIрейуэ щытауэ цIыхубзым къыщызжиIэм, си фIэщ хъупащ шынэхъыщIэм и лъэужь сызэрытетыр. Ди шыпхъу Зое арат - ХьэкIурацэт - дызэреджэр.

ГъэщIэгъуэн сщымыхъуу къэнатэкъым си пащхьэ къит цIыхубз сырыхушхуэм Хьэчим теухуауэ а псор зэрищIэр - интернатым сабий щымащIэу къыщIэкIынтэкъым. А псор абы игу ирезыгъэубыдар Хьэчим интернатым зэрыщIашыжа хъуа щIыкIэрауэ къыщIэкIынт. Абы и гугъу къысхуищIащ:

- Интернатым цIыхубз гуэр къэкIуауэ щытащ: «Си щхьэгъусэр зауэм хэкIуэдащ, си закъуэщ, бын сиIэкъым. Ади ани имыIэжу, зыри къыщIэмыупщIэжыну зы щIалэ цIыкIу къызэфт» - жери Iейуэ лъаIуэу. Дигугъакъым Хьэчим щIэупщIэ иIэну. Фи щIалэр абы иратауэ щытащ.

- Дауэ сэ ар къэзгъуэтыжыну иджы - щыжысIэм, абыи щыгъуазэ сыхуищIащ.

- Старэ Лэскэн щыщщ, и цIэр Борэн Хьэбцинэщ.

Старэ Лэскэн дыщыкIуам, куэбжэм цIыхубз лъагъугъуафIэ гуэр къыдэкIащ. Хьэчим щIэмысу щыжиIэм, дыкъэкIуэжащ. Аргуэру тедгъэзащ - щIэстэкъым. Ещанэу щытедгъазэм, фызыр къэгъащ: «Зыри жызмыIа щхьэкIэ фыкъызытекIухьар къызгурыIуащ», - жиIэри. ЦIыхубзыр и гум зэрихуэу къыщIэкIынт, апхуэдизрэ дыщыкIуэм шэч ищIауэ. Бысымым унэм дригъэблэгъащ. Хьэчими къыщIэкIри, дыщIишащ. Зыри жыдмыIэу дыщысащ тэлайкIэ. ЦIыхубзыр щIэкIа нэужь, Хьэчим зыхуэзгъэзащ:

- СыкъэпцIыхуркъэ?

- СызэрыпIуплъэу шэч пхуэсщIащ, у-Музэринкъэ? - жиIащ Хьэчим.

- Уэлэхьи, сы-Музэринмэ - жызоIэ сэри.

ТIури дыкъэтэджауэ IэплIэ зэхудощI...

Хьэчим къыздэтшэжынуи дыхэтат. Зи нэпситIыр къелъэлъэхыу къэлъэIуа анэм сыт епщIэнт?! Езы ди къуэшми къыхуэгъэнэнутэкъым ар.

Хьэчим Борэн унэцIэр къыхуэнащ, унэцIитI иIэ хъуащ.



Борэн Хьэчим

Япэу лъапсэм къыщихьэжам къыпыгуфIыкIащ: «Дунейр шэрхъщи, мэкIэрахъуэ» - жиIэри. «Сыт жыхуэпIэр» - къизгъэкIыу сыкъыщыдэплъейм, къызжиIэжащ машинэшхуэкIэ Къущхьэхъу былым ишэу ди къуажэм куэдрэ къызэрыдыхьар, къыдыхьэхуи ди куэбжэмкIэ зэрыблэкIар.

*Зытхыжар*

**ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

ТекIуэныгъэ-77

# Бэрау зэшхэр

**Совет Союзу щытам зы унагъуи идгъуэтэну къыщIэкIынкъым 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и нэпкъыжьэ зыжьэхэмыуа. Иджы мы махуэхэм, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 77-рэ щрикъум ирихьэлIэу, а лъэхъэнэ хьэлъэм яфIэкIуэда нэхъыжьыфIхэр я Iыхьлыхэм ягу къагъэкIыж, абыхэм я фэеплъ нэхум пщIэ хуащI.**

КЪЭРАЛЫР псэзэпылъхьэпIэ щихуэм, ди цIыхухэр зэщIэтаджэри, зылI и щIэблэу, бий ерум пэщIэуващ. Ди щхьэхуитыныгъэр ихъумэу, зэрыпхъуакIуэхэм къэмылэнджэжу япэщIэтахэм яхэтащ Бэраухэ я бын пажэхэу Хьэжумар и къуэ Къэралбийрэ ХьэкIашэ и къуэ Аслъэнджэрийрэ.


Къэралбий


Аслъэнджэрий

### Къэралбий

Къэралбий Псыхуабэ дэт мэкъумэш институтым щIэтIысхьащ, Хьэтуей дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь. 1937 гъэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэу къуажэм къигъэзэжащ. А илъэс дыдэм дзэм дашащ. Адыгэ щIалэм абы зэфIэкI къыщигъэлъэгъуащ, зауэ хуэIухуэщIэхэм кууэ зыщыхигъэгъуэзащ, къызыхэкIа лъэпкъым хуэфащэу и къулыкъур щрихьэкIащ.

Зыхэхуар гъунапкъэхъумэ дзэхэрати, жэуаплыныгъэ зыпылъ пщэрылъхэр къыщащIырт, и командирхэм дзыхь къыхуащIырт, езыми ар игъэпэжырт. Абы и щыхьэтщ къулыкъум зэрыщыIа илъэсищым къриубыдэу щIыхь тхылъхэр къызэрыратар, фэеплъ тыгъэхэр къызэрыхуащIар, коммунист партым зэрыщыхагъэхьар.

Дзэм къыхэкIыжа иужь, Къэралбий Урыху МТС-м и унафэщIым политикэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэу лэжьащ. 1941 гъэм Лэскэн райвоенкоматым инструктору ягъэкIуащ икIи зи армэ кIуэгъуэхэр абы щыхуигъэхьэзыращ.

ЗэрыпхъуакIуэхэр ди къэралым къыщытеуэм, нэгъуэщIхэми хуэдэу, фронтым ягъэкIуэну куэдрэ щIэлъэIуами, занщIэу яутIыпщакъым, сыту жыпIэмэ, 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэр къызэзыгъэпэщын хуейхэм ар ящыщти. А Iуэхум езы Къэралбий и зэфIэкI хилъхьащ. Шуудзэр хьэзыр щыхъум, абы хэту 1942 гъэм и накъыгъэ мазэм фронтым кIуащ. Ар ящыщщ Ростов областым и щIыналъэм, Сталинград и Iэшэлъашэм, Новороссийск деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм хэтахэм.

Керчь къалэм щебгъэрыкIуэм, Бэраур уIэгъэ хьэлъэ хъуащ. И узыншагъэр зэтеувэжа нэужь, Мэзкуу пIалъэ кIэщIкIэ щеджэну ягъэкIуащ икIи лейтенант нэхъыжь хъуауэ абы къикIыжри 194-нэ Речицкэ Бэракъыплъыжьзехьэ фочауэ дивизэм и 616-нэ полкым хагъэхьащ.

Командир Iэзэм и мызакъуэу, Къэралбий икIи шыщхьэмыгъазэт, зыри япэ иригъэщынутэкъым, зауэлIхэр зэрихъумэным хущIэкъу зэпытт. Абы папщIэ командованэм фIыщIэ къыхуащIырт. Бий ерум дызэрытекIуэнум зы дакъикъи шэч къытрихьэртэкъым. И Iыхьлыхэм къахуитх письмохэм ар быдэу къыщыхигъэщырт.

Зауэм и IэнатIэ куэдым лIыгъэм и щапхъэ къыщигъэлъэгъуащ зауэлI хахуэ Бэрау Къэралбий. Абы къыпэкIуэу командованэм кърита фIыщIэ тхылъхэм ящыщ зым итт езы Къэралбий къылъысу фашист зауэлIу 23-рэ офицеритIрэ зэриукIар.

Абы иужьрей письмохэр и адэ-анэм къэащыхуитхыжар 1945 гъэм щIышылэм и 21-рщ. Абы итт Вагъуэ Плъыжь орден къызэрыратар, зи чэзу званием зэрыпэплъэр, Германием и щIыналъэм зэрихьар, зэрыпхъуакIуэхэм я гъуэм гъунэгъу зэрахуэхъуар, зауэр иухыным куэд къызэрымынэжар.

ТекIуэныгъэм и махуэм IущIэну Къэралбий къыхуиухатэкъым - лIыгъэм и щапхъэ къигъэлъагъуэу, ебгъэрыкIуэныгъэхэм ящыщ зым щыхэкIуэдащ. Зи псэр зыта щIалэм Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

Бэрау Къэралбий хьэтуейдэсхэм ящыгъупщакъым - 1965 гъэ лъандэрэ къуажэм и зы уэрамым абы и цIэр зэрехьэ.

### Аслъэнджэрий

Бэрау Аслъэнджэрий Хьэтуейм и щIалэщIэ нэхъ жанхэм ящыщт. Къуажэ школым фIыуэ щеджат, Къэбэрдей-Балъкъэр педрабфакыр къиухат, къигъэзэжа нэужь, зыщIэса еджапIэм и комсомол организацэм и секретару хахати, жэрдэм узыншэхэр къыбгъэдэкIырт, Iуэху щхьэпэхэм я зэхэублакIуэт.

Егъэджэныгъэри жылагъуэ лэжьыгъэри зэщIигъэхьэу, унафэщIхэри нэхъыжьхэри къыхуэарэзыуэ, гъащIэм хэбакъуэ къудейуэ, фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыдащIылIа зауэм и мурадхэр къызэпиудащ. Езыр щIалэ дыдэрэ щхьэгъуси къимышауэ, гъащIэм гу зэрыщихуа щIагъуи щымыIэу, 1941 гъэм дзэм ираджащ. Зауэ хуэIухуэщIэхэм хурагъаджэри, офицер хъуауэ фронтым ар яшащ.

Аслъэнджэрий жэуаплыныгъэ зыпылъ пщэрылъхэр къыщащIырт, и командирхэм дзыхь къыхуащIырт, езыми ар игъэпэжырт, и ныбжьэгъухэм закъыкIэригъэхуртэкъым, нэхъ пашэхэм щапхъэ ятрихырт, и командирхэм я щытхъу къихьырт, и зэфIэкIми, и зэхэщIыкIми зэпымыууэ хигъахъуэрт.

Къитх тхыгъэ мащIэхэм щыжиIэрт пэжыр зэрытекIуэнур, зэрыпхъуакIуэхэм ерыщу зэрапэщIэтыр, зыхэт частым и зауэлIхэр зэрызэкъуэтым къару къызэрыхилъхьэр, ди щхьэхуитыныгъэм папщIэ и псэр итыну зэрыхьэзырыр. ИкIи и псалъэхэр игъэпэжащ, къызыхэкIа лъэпкъым и пщIэмрэ нэмысымрэ хуэфащэу фронтым Iутащ.

Аслъэнджэрий и иужьрей письмор и Iыхьлыхэм къащыIэрыхьар 1943 гъэм шыщхьэуIум и 8-рщ. Абы къитхырт: «Нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэр къызэмыплъэкIыу Хэкум идохуж, Харьков къалэм дынэсащ, адэкIэ дызэрыкIуэтэнум дыхуопащIэ. Фымыгузавэ, псори тэмэм хъунщ, си тхыгъэм фыпэплъэ». Бэраухэ мыгувэу гуауэшхуэ къалъэIэсащ - Харьков хуит къыщащIыжым Аслъэнджэрий хэкIуэдащ. Зауэ гущIэгъуншэм ди анэшым яIэщIихащ унагъуэ зыухуэну хунэмыса, зи насып къэкIуэгъуэ щIалэ хахуэр.

Илъэс 77-рэ хъуащ ТекIуэныгъэшхуэкIэ зауэ хьэлъэр зэриухрэ. Ар къэблэгъэным щхьэмыгъазэу щIэзэуа ди адэжьхэм, шынэхъыжьхэм зэрахьа лIыгъэмрэ къагъэлъэгъуа хахуагъэмрэщ нобэрей мамыр гъащIэр къытхуэзыхьар. Хэкум къыщхьэщыжынымкIэ, ар хъумэнымкIэ къытщIэхъуэ щIэблэм я дежкIэ щапхъэщ ахэр.

**БЭРАУ Хьэсэн,**
*Хьэтуей къуажэ,*
*илъэс 97-м итщ.*

# ЛIыхъужьу къэнащ

**Унагъуэм и тхыдэм теухуауэ нобэ къапщIэ хъунур пщэдейм помыгъаплъэ. Псом хуэмыдэу а хъыбарыр зыхъумэм и ныбжьыр хэкIуэтамэ... Апхуэдэу итщ Мартышинэ В.С. и «Твоя родословная» зыфIаща и тхылъым. Мы псалъэхэр нобэ еспхынут Хэку зауэшхуэм. Ар зыжьэхэмыуа щыIэкъым. Зауэм и хъыбар гуузхэм ноби дагъэгумэщI, лIыхъужьхэм дрогушхуэ. ЗауэлIхэр къыщыжырт Хэкум, унагъуэм, къэкIуэнум, абыхэм къазэурт мамырыгъэ. Зауэ губгъуэм ихьэхукIэ ягу къыщIэзыIэтэр псэууэ я унагъуэм къахыхьэжын хъуэпсапIэрт. И гугъу фхуэсщIынущ Хэку зауэшхуэм хэкIуэда зы зауэлIым - сызыхэс лъэпкъым ди лIыхъужьым.**

1905 ГЪЭМ Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ НафIэдз Мзетэ. Зы къуэшрэ шыпхъуиплIрэ иIэт. Зауэр къэхъейри, фронтым кIуащ. 323-нэ фочауэ дивизэм хэту Брянск щызэуащ. ИлъэситIкIэ а къалэр ягъэзджызджащ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм: цIыху мин 75-рэ зэтраукIащ. Абыхэм ящыщу минитхур сабийт. Шыщхьэуlум и 17-м къалэр хуит къащIыжащ. Абдежрэ Карачеврэ щекIуэкIа зауэм зэрыпхъуакIуэхэм я танк 48-рэ къыщагъэуащ, кхъухьлъатэ 12 къраудыхащ, лагъым 200-рэ Iэщэ-фащэ гъэпщкIупIэу 12-рэ къагъуэтащ дыдейхэм. Бийм и сэлэтрэ офицеру 3500-рэ хагъэщIащ.

Брянск хуит къащIыжыным я псэр щIатащ Дзэ Плъыжьым и зауэлI куэдым. Абыхэм ящыщщ НафIэдз Мзети. Зауэр иухри зэман дэкIыжауэщ абы и кIуэдыкIам и хъыбар унагъуэм къащыIэрыхьар.

1972 гъэ пщIондэ Мзетэ хабжащ хъыбарыншэу кIуэдахэм. ЛъыхъуакIуэ гупым зауэлIым и унагъуэм письмо къыхуатхащ къуэшыкхъэм дэт фэеплъ сыным и сурэт щIыгъуу. «Мыбдеж НафIэдз Мзетэ щыщIалъхьащ, игъащIэкIи лIыхъужьу къэнащ» жиIэу итт. Письмор къыIэрыхьа нэужь, Хьэсэн, и анэми жримыIэу, адэм и кхъащхьэм кIуащ. Ар я япэ зэIущIэт. Езы зауэлIым ищIэххэртэкъым, щIэблэ иIэу... Мзетэ и щхьэгъусэ Iэминат и щIалэ закъуэр зэман хьэлъэм къыхигъэтэджыкIащ зыхуей хуэзэу. И щIалэм, къуэрылъхуитIым, абыхэм къащIэхъуэжахэм я IэфI илъэгъужащ. Илъэс 65-кIэ кIэлъыпсэужащ щхьэгъусэм.

НафIэдз Мзетэ и къуэ Хьэсэн пщIэ зиIэ цIыхуу щытащ. Иужьрей илъэсхэм лэжьащ Мэкъумэш техникэмкIэ Шэджэм цехым и унафэщIу. Ауэ гъащIэ мащIэт - 2007 гъэм дунейм ехыжащ. Хьэсэн и щхьэгъусэ Лидэ 1971 гъэм КъБАССР-м и Налшык хэхакIуэ округым къыбгъэдэкIыу РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахауэ щытащ. Абы иригушхуэу ехъумэ и гуащIэм



папщIэ къыхуагъэфэща къэрал дамыгъэ куэд. Хьэсэнрэ Лидэрэ щIалитI къащIэхъуащ. Олег мэкъумэш IэнатIэм пэрытщ: хьэцэпэцэхэр, мэракIуэхэкIхэр егъэкI. Валерэ полицэм и полковникщ. Абыхэм къащIэхъуэжахэри балигъ хъуащ: хэт юристщ, хэт экономистщ, хэт дохутырщ.

НафIэдз Мзетэ псэууэ зауэм къикIыжатэмэ, дауэрэ и гъащIэр екIуэкIынут?! Зыми ищIэркъым. Хьэкъыр зыщ: ар иригушхуэнут къыщIэхъуа щIэблэм!

Хэку зауэшхуэр зэман жыжьэу къэзылъытэ щыIэщ. Ар пэжкъым. Зауэм и Iэужьыр ди нобэми хэтщ. Ди гум илъщ игъащIэкIэ мыгъуащыну гуауэ. Арами, дрогушхуэ икIи тщыгъупщэркъым ди япэ итахэм я хахуагъэр. Абыхэм я фэеплъым даунэтI.

Зауэм и фэеплъым иIэкъым пIалъэ. НафIэдз Мзетэ и щIэблэр щIыдопIыкI абы и хъыбархэм. Ар щапхъэ тхуохъу Хэкур фIыуэ тлъагъунымкIэ!

**НАФIЭДЗ Людэ.**

# Зауэм теухуа пэжхэр

Зауэ нэужьым илъэс 17-кIэ текIуэныгъэр ягъэлъэпIакъым, зыгъэпсэхугъуэ махуэуи щытакъым. Махуэшхуэр гъэлъэпIэн зэрыхуейр къыщыхалъхьар 1965 гъэращ. Тхыдэджхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Совет властыр куэд зи нэгу щIэкIа ветеранхэм щышынэу арат. Ауэ ягъэхъыбарыр нэгъуэщIт - зауэр зыщагъэгъупщауэ, я къарур зэрыщыту къэралыр къэIэтыжыным хуаунэтIауэ жаIэрт.

* * *

Хэку зауэшхуэм хэта совет офицерхэм ящыщу мин 80-р цIыхубзт. 1941 гъэм накъыгъэм и 13-м Гитлер унафэ къыдигъэкIащ СССР-р зэрыпхъуэным теухуа «Барбаросса» планыр щагъэзащIэкIэ нэмыцэ сэлэтхэм сыт хуэдэ щIэпхъаджагъэ ялэжьами, абыкIэ жэуап зэрырамыгъэхьынум теухуауэ.

* * *

ЦIыхухэм ящIыгъуу, Хэку зауэшхуэм хьэ мин 60 хэтащ. Абыхэм я фIыгъэкIэ танк 300 къагъэуащ, хъыбар мин 200 зэIэпахащ, зауэ губгъуэм сэлэт мин 700 кърахащ, щIыпIэ 303-м шэкъэуэж кърахащ, километр зэбгъузэнатIэ мин 15,2-рэ щIащыкIащ.

* * *

Зауэр къыщыхъеям, Кремлыр махуэ 30-кIэ «бзэхауэ» щытащ. Фашист кхъухьлъатэзехуэхэм я картэм итыр ямыгъуэту къэуIэбжьат, Совет Союзым и унэ нэхъыщхьэр ягъуэттэкъым. КъызэрыщIэкIымкIэ, Кремлым и чэщанэхэм тет вагъуэхэр - хъыдан фIыцIэкIэ, Манеж утымрэ Александровскэ жыг хадэмрэ пхъэбгъукIэ щIахъумат, куполхэр лэч фIыцIэкIэ ялат, блынхэмрэ унащхьэмрэ щхъуэ-гъуабжафэ ящIат, блыным екIуэкIыу метри 3 хъууэ унэ нэпцI зыбжанэ щаухуат. Мавзолейр къатищ хъуат, Ленинымрэ и хьэдэр Тюмень ягъэIэпхъуат, Боровицкэ куэбжэхэм къыщыщIэдзауэ Спасскэм нэс пшахъуэ тракIутат, гъуэгум ещхьу. А псом Кремлыр къыхэпцIыхукIыртэкъым.

* * *

Хэку зауэшхуэм ди дзэм хэту махъшэ 350-рэ «зэуащ». Ахэр Астрахэнь щIыналъэм къыщаубыдурэ Сталинград къашэрт, автомашинэрэ шырэ яхурикъуртэкъыми. Псэущхьэхэм я нэхъыбэр зауэм хэкIуэдащ, къелахэр зоопаркхэм иратыжащ, ауэ «ЯшкэкIэ» зэджэу щыта махъшэр совет сэлэтхэм ящIыгъуу Берлин нэсауэ щытащ.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

ТекIуэныгъэ-77

# Фэеплъырщ цIыхугъэр зыIэтыр



**ТекIуэныгъэм и махуэшхуэ къэблагъэм ди щIыналъэм ехьэжьауэ зэрызыхуигъэхьэзырым и нэщэнэщ къуажэхэми къалэхэми абы зыдащIу, нэхъыжьхэм зэрахьа лIыгъэм и теплъэгъуэкIэ уэрамхэри, IуэхущIапIэхэри, еджапIэхэри зэрагъэщIэращIэр. ЗэIущIэхэр къызэрагъэпэщ, гъэлъэгъуэныгъэхэр ящI, зекIуэхэр зэхашэ.**

«ПСАЛЪЭМ псэ хэплъхьэмэ, лъэр улъэщIэмыхьэу щIокI», - жаIэ. Ди япэ итахэр зыщIэзэуа мамырыгъэм нобэ хэпсэукI щIалэгъуалэр тхыдэм хуегъэплъэкIыныр, абы и дерсхэр гъащIэ гъуэмылэу яIэщIэлъхьэныр, цIыхуцIэ зиIэр зыгъэгулэза нэщIэбжьэ бзаджэм хуэдэ зэи къэмыгъэхъужыныр дэтхэнэ зымкIи къалэнщ. Аращ, цIыкIуми инми ди зэхуэдэу, Хэку зауэшхуэм и пэжыпIэмрэ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъымрэ хъумэныр ди пщэрылъу зэрыщытыр зэпымычу жыIэн щIыхуейр.

Бахъсэн къалэ щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэм лэжьыгъэшхуэ зэфIегъэкI Хэку зауэшхуэм хэтахэм - хэкIуэдахэми къэзыгъэзэжахэми - яхуэфащэ пщIэ яхуэщIынымкIэ. Мазэ бжыгъэ хъуауэ йолэжь щIыналъэм щыIэ зауэлI фэеплъхэр къэгъэщIэрэщIэжыным, абыхэм я хъуреягъкIэ щхъуантIагъэхэр щыхасэ, екIуэлIапIэхэр хуащI. Илъэс къэси хуэдэу, а фэеплъхэр псом хуэмыдэу накъыгъэ мазэм Iэгъуэблагъэм къыхощ, цIыхум и плъэгъуэр малъхъэдисым хуэдэу зыщIашэу. «Нэм илъагъу Iэм ещIэж», - жыхуаIэращи шэч хэлъкъым апхуэдизу цIыхухэр зыхуэсакъ щIыпIэхэр щIэблэми зэрахъумэнум, екIуу зэрызэрахьэнум.

Фэеплъхэр зыхуей хуэгъэзэным и мызакъуэу, щIыналъэ къулыкъущIэхэр мы махуэхэм жыджэру хэтщ «ЛIыхъужьхэм я гъуэгукIэ» зыфIаща Iуэхугъуэри нэсу къызэгъэпэщыным. Иджыблагъэ Бахъсэн къалэ щекIуэкIащ апхуэдэ зы Iуэху. Абы хэтащ зауэм и щIыбкIэ щекIуэкIа гуащIэдэкIым хэтахэри, зауэм халъхуауэ нобэ нэхъыжьыгъэр зылъысахэри, жылагъуэ лэжьакIуэхэри, къалэ советым щыщхэри, щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ къулыкъущIапIэм и лэжьакIуэхэри, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм я егъэджакIуэхэри, еджакIуэхэри, волонтёрхэри.

«ЛIыхъужьхэм я гъуэгум» пыщIа дауэдапщэхэр «ЩIыхьым и мыужьыхыж мафIэм» деж щекIуэкIа пэкIумкIэ ирагъэжьащ. Бахъсэн къалэм и Ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Абазэ Хъусен псалъэр щратым, къызэхуэсахэм гуапэу захуигъэзащ, Iуэхуу яIэр лъэныкъуэ ирагъэзу зэхуэсым къызэрекIуэлIам щхьэкIэ фIыщIэ яхуищIащ.

«ЦIыхур цIыху зыщIыжыр лэжьыгъэращ, ауэ цIыхум и цIыхугъэр лъагэу зыIэтыр фэеплъырщ. Ди унагъуэкIэ девгъэплъыжи, дэтхэнэ зыми дигу имыхуу, зэи тщымыгъупщэу япэ ища адэшхуэ-анэшхуэ, нэхъыжьыфI куэд диIэщ. Унагъуэхэр зыч-зы бжэгъуу зэхыхьэжа нэужь лъэпкъ мэхъури, абы щыщу зыкъэзылъытэжхэм зэдагъэлъапIэ, зэдагъэин IуэхугъуитI тхыдэ къэхъукъащIэ куэди иIэщ. Ахэр зи Iэужьыр псоми ди зэхуэдэ нэхъыжьыфIхэрщ. Зауэм и мафIэ лыгъейм зызримыдза унагъуэ щыIэжкъым. Фронтым къикIыу къакIуэ письмо щимэхэр унагъуэм ещхьэкIуэмэ, жылэм я зэхуэдэ хьэдагъэу, псоми зэдай гуауэу щытащ. Ауэ къэIур хъыбарыфIмэ, цIыхуцIэ зиIэр къызэщIэзыIэтэ гуфIэгъуэшхуэу щытащ. «Iуэху къыплъыкъуэкIамэ, ар зыхуей хуэгъази, уи хьэдагъэр къыдэх», - жаIэ. ТекIуэныгъэм и хъыбарыр къыщыIуа махуэм зи цIыху къэзымыгъэзэжахэми я хьэдагъэр зэпагъэури, мамырыгъэр къахуэзыхьыжа махуэшхуэм зыхуашияуэ щытащ. Дэри а хабзэм дытетщ. Мы уафэм и щIагъым мамыру дыщыпсэуну къытхуэзыуха Тхьэм и IэкIэ а насыпыр къытхуэзызэуа ди лIыхъужьхэр зыщыдвмыгъэгъупщэ, я пщIэр дывгъэхъумэ. ДифI дгъэлъапIэу щытмэ, дэри лъапIэ дыхъунущ», - жиIащ Абазэм.

ПэкIум псалъэмакъыр щамыгъабэу, цIыхухэр зауэм хэкIуэдахэм зы дакъикъэкIэ щахуэщыгъуащ фэеплъым и пащхьэ, я щхьэр хуагъэщхъащ, удз гъэгъахэри тралъхьащ.

«ЛIыхъужьхэм я гъуэгум» епха Iуэхугъуэхэр илъэсыр икIыхукIэ щIыналъэм къыщызэрагъэпэщынущ. Япэ зекIуэм и гъуэгупэр Дыгулыбгъуей къуажэм дэт, Къардэн Бубэ и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №10-м екIуэлIащ, абдеж къыщызэрагъэпэща, сабийхэр зыхэт Iуэхугъуэхэм хэплъэну.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**

★★★

# Хэкурыс адыгэхэм я щIыхуэ ттелъщ

Дэ дыщыхэхэсым, хэкум къыщыдэкI тхылъхэм ящыщу мащIэт къытIэрыхьэр. Тхылъхэр зэпэтлъытыну, тхакIуэхэр зэдгъэпщэну, лэжьыгъэхэм я нэхъыфIыр къыхэтхыну Iэмал диIакъым. Арами, къытIэрыхьэ тхылъ мащIэм зауэ мэхъаджэм къиша тхьэмыщкIагъэр, ТекIуэныгъэшхуэм цIыхухэм къахилъхьа гушхуэныгъэр куэду къазэрыхэщыр дымыгъэщIэгъуэн тлъэкIыртэкъым. Хьэуэ, Совет Союзым и хэгъэгум и мызакъуэу, дунейр фашистхэм зэрыщахъумар дамыгъэджауэ, дымыщIэу щыттэкъым. Ауэ, итIани, тIэкIу ирамыгъэлейуэ пIэрэ жыдагъэIэрт...

Ди усакIуэ-тхакIуэхэм зэрырамыгъэлеяр хэкум къыщызгъэзэжаращ къыщызгурыIуар. Уи хэкуу щытми, узыпэIэщIэ щIыналъэм къыщыхъу тхьэмыщкIагъэхэм теухуа тхыгъэхэм уеджэнымрэ мафIэм хэтахэм, абы и уIэгъэ ноби зытелъхэм я нэгум уиплъэн, я нэпсхэр къафIекIуэу, я макъхэр кIэзызу фызабэхэм къаIуэтэжхэм уедэIуэнымрэ сыту зэхуэмыдэрэ!

Ей, хэкурыс адыгэ! Уи лъабжьэр сытуи быдэт! Сыту IуэхущIафэфIхэр уиIа! Уи лъабжьэр быдэ дыдэу щымытамэ, пшэчахэм дауэрэ укъелынт? Дауэ Хэкур тхуэпхъумэнт, республикэхэр зибгъэIэн плъэкIынт?

Уэхэкурыс адыгэу гушхуэ зыкIуэцIылъ! ТхьэмыщкIагъэхэм зебгъэпIытIакъым, гъэри зебгъэщIакъым. Пщыгъупщакъым зыри, ауэ икIи узэплъэкI зэпытакъым... ИпэкIэ уплъащ: усэхэр, романхэр птхащ, уэрэдхэр зэхэплъхьащ, IуэрыIуатэр къэбугъуеижащ, нарт хъыбархэр зэхуэпхьэсыжащ, лъэпкъым ухуэпсэуныр япэ ибгъэщащ. Хэкур къыщоджэми, абы и хъумакIуэхэм уадежьащ. Зэхэкуэгъу-зэмылъэпкъэгъухэр зы анэ къилъхуа зэкъуэшым хуэдэу бийм фыпэувыфащ. Фашист мэхъаджэм къэралри дунейри щыфхъумащ. Уи псэм уеблэжакъым. ЛIыхъужьхэм яужь зыкъибнакъым, лIыхъужьыцIэри къэблэжьащ...

Хэхэс лъэпкъэгъури IэщIыб пщIакъым. Анэм и быдзышэ яIумыхуауэ зэрыкъарууншэм, зэрыщхьэхуимытым гу лъыптащ, абыхэм ящыщу Iумпэм укъэзыщIахэми уемыпагэкIын пхуэфIэкIащ. Хэкур зэрылъапсэм, лъапсэм узэрисым гугъэзэгъэгъуэ хэбгъуэтащ. Уи гухэлъхэр Урысейм и унафэщIхэм ялъэбгъэIэсыфащ, къагурыбгъэIуэфащ. Хэхэс къуэшхэм уи Iэр яхуэпшиящ, къеб гъэблэгъэжащ, уи гур яхузэIухауэ хэкур ябгъэгъуэтыжащ.

Хэкурыс адыгэу лъапIэ! Дэ хэхэсхэм, хэхэсахэм сытуи куэд ттелъ уи щIыхуэу. Ди насыпым къихьыну пIэрэ абы и зы Iыхьэ нэхъ мыхъуми пхуэтщIэжыфыну?




ЗэрытлъэкIкIэ къэпкIуа гъуэгуанэм щыгъуазэ зыдощI, уи хьэлъэр, гуузыр бдыдоIэт, гуфIэгъуэр бдыдогуэш. Мис, нобэ сахэтщ уэрамхэм темыхуэу ирикIуэ цIыхухэм, ди къэралым и ТекIуэныгъэ Иным ирихьэлIэу иужьрей илъэс зыбжанэм ирагъэкIуэкI полк уахътыншэм.

Ауэ къызохьэлъэкI, си гур ехуз, сроукIытэ Хэкур ихъумэурэ зи псэр зыта си адэжь, си анэжь, си адэм и адэ къуэш, и адэ шыпхъу, ди унэкъуэщ гуэрым и сурэт Iэтауэ зэрызмыIыгъым. ЕрагъкIэ цIыхухэм садобакъуэ, садэхъуркъым. УкIытэм гъэр сищIащи, сыкъыIэщIэкIын слъэкIыркъым. Хуэмурэ полкым сыкъыхокI, гъуэгубгъум сыIуоувэри сахоплъэ. Си цIыхугъэ гуэр щыслъагъукIэ, си Iэр яхузощI, сэлам есхыу, си нэплъэгъуэр псынщIэу изогъэзэкI.

Ауэрэ, мис, полк уахътыншэм хэт ди унэкъуэщ бзылъхугъэр къызолъагъу. Езыми сыкъецIыхуж, къызожалIэ... Езым и адэжь, сэ си унэкъуэщ, илъэсищэ къэзыгъэщIа лIышхуэм и сурэтыр нэхъ лъагэу къеIэт... Си гур зы тIэкIукIэ мэзагъэ... Иджы нэхъ хуиту собауэ... Ауэ сытегушхуэркъым сыбгъэдэувэн, согъэкIуэтэж, гупым яхокIуэдэж...

Уэрамым зэрытемыгъахуэ полк уахътыншэм сыхоплъэ, си нэхэр мэплъыз, гуузым нэхърэ нэхъыбэу гуфIэгъуэм къыщIихуа нэпсыр си нэкIущхьэхэм къытолъадэ...

**МЭШХУЭФI Нэждэт.**

***Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур накъыгъэм и 12-рщ.***

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.
ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.041
Заказ №902